ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№97 (21.255) ● 2008 гъэм накъыгъэм (майм) и 23, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● ЗэIущIэхэр

Инвестицэу сом мелуан 400-м нэблагъэ

Ди газетым зэрытетащи, КъБР-м и УнафэщI Къанокъуэ Арсен накъыгъэм и 20-м Правительствэм и Унэм щригъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым деж лъэпкъ проект пэрытхэр гъэзэщIэнымрэ демографие политикэмкIэ щыIэ Советым и зэIущIэ.

АБЫ ЩЫЗЭПКЪРАХАЩ егъэджакIуэ, еджапIэ нэхъыфIхэр къыщыхах, инновацэ программэхэр тегушхуауэ къэзыгъэсэбэп егъэджакIуэхэр, курыт школхэр щагъэбелджылы зэпеуэхэм я къызэгъэпэщыкIэмрэ ахэр егъэфIэкIуэнымкIэ лэжьыпхъэмрэ, еджапIэхэр Интернетым зэрыпадзэм, Советым и протокол унафэхэр зэрагъэзащIэм теухуа Iуэхугъуэхэр.

«Иужьрей илъэсхэм Урысей Федерацэм егъэджэныгъэ Iуэхум гулъытэ хэха щыхуащI. Абы и щыхьэтщ ар лъэпкъ проект пэрытхэм зэрыхагъэхьар. Иджы Iэмал хъарзынэхэр диIэщ къэрал мылъкум и хьэкъкIэ класс унафэщIхэр дгъэпэжэну, зэпеуэхэр я лъабжьэу егъэджакIуэ нэхъыфIхэмрэ ныбжьыщIэ зэчиифIэхэмрэ къыхэтхыну, зыхуей Iэмэпсымэхэмкiэ школхэр тэмэму къызэдгъэпэщыну. ИлъэситIым къриубыдэу мы Iуэхум инвестицэу сом мелуан 400-м щIигъу хухахащ. Апхуэдэу щыщыткIэ, дэ ди къалэнщ егъэджэныгъэм ехьэлIа лэжьыгъэ псори егупсысауэ зэфIэтхыну, лъэпкъ проект пэрытым и унэтIыныгъэхэр нэсу дгъэзэщIэну», - къыхигъэщащ Президентым зэIущIэр къыщызэIуихым.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

● Щэнхабзэ

Куэд зытегузэвыхь Iуэхум теухуауэ

ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Адыгэ драмэ театрым иджыблагъэ пшыхь дахэ щекIуэкIащ. Ар теухуат журналист цIэрыIуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Ширдий Маринэ «Тыркум щыпсэу адыгэхэр» и тхылъым къыщыIэта Iуэхугъуэхэм.

ДИ ЛЪЭПКЪЫМ и щхьэм кърикIуа Iуэхугъуэхэм я Iэужьу адыгэм я нэхъыбапIэр хамэ къэралхэм зэрыщыпсэум, абыхэм ящыщ куэд хэкужьымкIэ къэкIуэну, къэкIуэжыпэну къызэрелэм, ар зрагъэхъулIэн папщIэ зыIууэ гугъусыгъуухэм, хэкIыпIэу къалъытэхэм, нэгъуэщIхэми щытепсэлъыхьа зэIущIэм цIыхушхуэ кърихьэлIат. Абыхэм яхэтт ди республикэм и къэрал къулыкъущIэхэр, лъэпкъ интеллигенцэр, ди лъэпкъым и пщэдейм тегузэвыхь нэхъыжьхэмрэ куэдкIэ зыщыгугъ щIалэгъуалэмрэ.

Пшыхьым къыщыпсэлъащ цIыху куэд, къаIэта Iуэхугъуэ щхьэпэм теухуа я гупсысэхэр утыку кърахьащ. Апхуэдэуи артист цIэрыIуэхэм, макъамэ Iэмэпсымэ лIэужьыгъуэхэр зыгъэбзэрабзэ музыкантхэм пшыхьыр ягъэдэхащ.

ЗэIущIэр зэрекIуэкIам теухуа тхыгъэ убгъуа ди газетым и къыдэкIыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

ИСТЕПАН Залинэ.

Лъэпкъ щIэжым и махуэ

● Фэеплъ

Адыгэ-абхъаз лIакъуэхэр дуней псом щызэбгрыкIыныр зи Iэужь хъуа, ди лъэпкъым и нэхъыбапIэр зыхэкIуэда Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 144-рэ щрикъу махуэм, накъыгъэм и 21-м, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ щекIуэкIащ фэеплъ Iуэхугъуэ зыбжанэ.

1763 - 1864 гъэхэм Кавказым щыIа зауэ-политикэ зэпэщIэтыныгъэм хэкIуэда адыгэхэм я фэеплъу Налшык дэтым деж накъыгъэм и 21-м и пщэдджыжьым, хабзэ зэрыхъуауэ, цIыху куэд къыщызэхуэсат. Нэхъыбэр щымт, сабий зи гъусэ балигъхэм я цIыкIухэм жраIэт къыщIызэхуэсам и щхьэусыгъуэр, Iэдэбу заIыгъын зэрыхуейр. Фащэ екIукIэ хуэпауэ фэеплъым и хъуреягъкIэ къыщыт щIалэгъуалэм яIыгъ адыгэ нып щхъуантIэхэм зыкъыдаIэтащ батыргъэн бжьамиишхуэм епща гъуом и джэ макъым дэщIыгъуу къыкъуэуа жьыбгъэм. Абы и ужькIэ КъБР-м щыпсэу муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и унафэщI Пщыхьэщlэ Анас къызэхуэсахэм дыуэ яригъэщIащ, итIанэ псори дакъикъэкIэ хуэщымащ Урыс-Кавказ зауэм хэкIуэдахэм. Налшык дэт фэеплъым деж къекIуэлIахэм асыхьэтым гурэ псэкIэ ядэщIыгъут дуней псом щикъухьа адыгэхэри къуэш республикэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэри. Апхуэдэ щIыкIэкIэ ахэр яхуэщыгъуащ урыс пащтыхьым иригъэкIуэкIа зэрыпхъуакIуэ зауэм ихьа адыгэхэм.

Лъэпкъ щхьэхуитыныгъэм щIэбэну зи псэр зытахэр зэращымыгъупщэм и щыхьэту, «Гъащlэ жыг» фэеплъым деж удз гъэгъа матэхэр щагъэуващ КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен,** Правительствэмрэ Парламентымрэ я УнафэщIхэу **Ярин Андрейрэ Бечелов Ильясрэ,** Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм я тхьэмадэхэу **Дзэмыхь Къасболэтрэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэдрэ,** министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я унафэщIхэм, республикэм и къалэ, район администрацэхэм я Iэтащхьэхэм, лъэпкъ-жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я пашэхэм.

Фэеплъым деж щыIуащ Урыс-Кавказ зауэм къыдэунэхуа гъыбзэхэмрэ уэрэдхэмрэ щыщхэр, блэкIа лъэхъэнэ жыжьэм ухэзышэж макъамэ гуузхэр. Гъуом и бжьамийр аргуэру щэ щигъаджэм, цIыхухэр хуэмурэ зэбгрыкIыжащ.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

Сурэтыр **ТОЛГУРОВ Камал** трихащ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** трихащ.

Зэгурыlуэныгъэхэр зэращIылIэ

Зэгурыlуэныгъэхэр зэращIылIэ

Медведев Дмитрий хамэ къэралхэр къызэхэкIухьын щIедзэ. Абы и лэжьыгъэр дыгъуасэ Къэзахъстаным щиублащ.

Урысейм и Президентыр кхъухьлъэтапIэм щригъэблэгъащ а къэралым и лIыщхьэ Назарбаев НурсултIан.

Зэпсэлъэныгъэхэм япкъ иткIэ, лъэныкъуэхэм зэгурыIуэныгъэ инхэр зэращIылIэнущ. Ахэр ехьэлIащ «Байконур» космодромыр зэгъусэу къэгъэсэбэпыным, нанотехнологием и IэнатIэм щызэдэлэжьэным, нэгъуэщIхэми.

Медведев Дмитрий Къэзахъстаным икIынурэ Китайм кIуэнущ.

КъакIуэу ядэнукъым

Урысейм НэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ и министерствэм и унафэкIэ, Украинэм юстицэмкIэ и министрым и къуэдзэ Корнейчук Евгенийрэ нэгъуэщI политик щхьэхуэхэмрэ ди къэралым къихьэу ядэнукъым.

Ар и жэуапщ Украинэм шынагъуэншагъэмкIэ и IуэхущIапIэм Мэзкуу и Iэтащхьэ Лужков Юрий хуэгъэзауэ илэжьхэм.

Хъыбарыншэхэр мин 29-м щIегъу

Китайм къыщыхъуа насыпыншагъэшхуэм цIыху мин 51-м я гъащIэр ихьащ. Къэралым и властым къызэритымкIэ, мин 29-м щIигъу хъыбарыншэу кIуэдащ.

КНР-м и унафэщIхэм дыгъуасэ дунейпсо зэгухьэныгъэм зыхуагъэзащ дэIэпыкъуныгъэ щIэлъэIуу. Къэралыр нобэ хущощIэ палаткэу мелуани 3.

Зэтекъутэныгъэ нэхъыбэ здэщыIэ щIыпIэхэм Урысейм и МЧС-м и аэромобиль уIэгъэщыр щолажьэ.

Суперкубокыр хэт къиихьыну?

Иужьу къата хъыбархэм зэрыжаIэмкIэ, «Манчестер Юнайтед» - «Челси» инджылыз футбол командэхэм Мэзкуу и «Лужники» стадионым щрагъэкIуэкIа кIэух зэIущIэм цIыху мин 65-рэ еплъащ. Абы щыщу мин 42-р Инджылызым къикIащ.

Иджы Европэм и Суперкубокыр къэхьыным теухуауэ шыщхьэIум и 29-м Монакэ щекIуэкIыну зэIущIэм щызэхуэзэнущ «Манчестер Юнайтедымрэ» УЕФА-м и Кубокыр къэзыхьа Петербург и «Зенитымрэ».

(ИТАР-ТАСС).

НОБЭ

♦Эритрее къэралым и Лъэпкъ гуфIэгъуэщ - щхьэхуит щыхъуа махуэщ (1993).

♦Минск (Белоруссие) щекIуэкIынущ СНГ-м хэт къэралхэм я правительствэхэм я унафэщIхэм я Советым и зэIущIэ.

♦ Накъыгъэм и 23 - 27-хэм Берлин (Германие) щызэхэтынущ НАТО-м и Парламент ассамблеем и гъатхэ сессиер.

♦Екатеринбург къыщызэIуахынущ «ЩIыналъэ инвестицэ политикэ убзыхуар Урысейм и экономикэ зыужьыныгъэм и хэкIыпIэ нэхъыщхьэщ» и фIэщыгъэцIэу илъэс къэс къызэрагъэпэщ зэIущIэм и XIII Урысей экономикэ форумыр.

♦Илъэс 75-рэ и пэкIэ (1933) къалъхуащ урыс еджагъэшхуэ, РАН-м и академик, химие щIэныгъэхэм я доктор, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат (1988) Цветков Юрий.

♦ Илъэс 70 и пэкIэ (1938) къалъхуащ урыс актрисэ, РСФСР-м и цIыхубэ артисткэ Корниенкэ Нелли.

♦Илъэси 160-рэ и пэкIэ къалъхуащ нэмыцэ инженер, авиацэм и къызэгъэпэщакIуэхэм ящыщ Лилиенталь Отто (1848 - 1896).

♦Совет театр режиссер, егъэджакIуэ, СССР-м и цIыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь Товстоногов Георгий и фэеплъ махуэщ.

♦Илъэс 50 и пэкIэ (1958) къызэрагъэпэщащ СССР-Грецие обществэр.

♦Илъэс 55-рэ и пэкIэ (1953) къалъхуащ Саха (Якутие) республикэм и Президент Штыров В. А.

♦**Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 33-м, къухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 36-м.**

♦**Махуэм и кIыхьагъынущ сыхьэт 15-рэ дакъикъи 5-рэ.**

ПlIанэпэр зыгъэхьэзырар **ХЬЭЖЫКЪАРЭ** *Аликщ.*

Нэр зэщыплъмэ, гур зэщоу.

Ткаченкэ Александр УФ-м и къэрал чэнджэщэгъу 3-нэ классыр къыхуагъэфащэ

Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщIым 2008 гъэм накъыгъэм и 6-м къищта унафэмкIэ Федеральнэ налог IэнатIэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщI Ткаченкэ Александр Андрей и къуэм Урысей Федерацэм и къэрал чэнджэщэгъу 3-нэ класс къыфIащащ.

Уае Дадэри Iуащхьэмахуэ и телъхьэщ

«Урысейм и телъыджэу 7» конкурсым и финалым щызэпеуэхэм ящыщу япэ итиблым Iуащхьэмахуэ яхэтщ тхьэмахуэ блэкIам кърикIуахэм япкъ иткIи. Ди щыгу гъуэзэджэм папщIэ Iэ зыIэтахэр цIыху 119595-рэ мэхъу.

УРЫСЕЙМ и Махуэм, мэкъуауэгъуэм и 12-м, иух зэпеуэм хуэфащэ пщIэ щегъуэт ди цIыхухэр зэрыгушхуэ щыгум. Республикэм исхэр конкурсыр зэрекIуэкIым набдзэгубдзаплъэу кIэлъоплъ икIи ди хэкум и дамыгъэ нэхъыщхьэу къалъытэм папщIэ Iэ яIэт. Дэ тщIыгъущ Урысейм и адрей щIыналъэхэм щыщу а щыгу хьэлэмэтыр зэ нэхъ мыхъуми зылъэгъуа псори. Нэгъабэ Iуащхьэмахуэ и щыгу дыкъуакъуэм дэкIауэ щыта Уае Дадэр зыщыщ Вологдэ областым иджыблагъэ къипсэлъыкIахэм къыджаIащ езыхэм я щIыналъэм хыхьэ Кирилло-Белозерскэ къулшырыфым кIэлъыкIуэу Iуащхьэмахуэ папщIэ Iэ зэраIэтыр. Дэ абыхэм фIыщIэ яхудощI, сыту жыпIэмэ апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэм иджыпсту икъукIэ дыхуэныкъуэщ.

Япэми хуэдэу, Iэ фIэт хъунущ конкурсым и сайтым фихьэу (www.ruschudo.ru) 4565 номерым SMS-хъыбар евгъэхьу. ТIум щыгъуэми финалым кIуа телъыджэ 14-м щыщу зэуэ 7 къыхэхын хуейщ. Абы нэхърэ нэхъыбэ е нэхъ мащIэ зэрыт хъыбархэр езыгъэхьхэр Iэ зыIэтахэм хабжэнукъым.

Конкурсым и финалым кIуахэмрэ абыхэм я SMS-номерхэмрэ

Байкал - SMS 9

Новосибирск и зоопаркыр - SMS 10

«Столбы» заповедникыр - SMS 12

Тобольск и кремлыр - SMS 15

Къунгъур бгъуэнщIагъыр - SMS 22

Новгород Ищхъэрэ къалэм и кремлыр - SMS 24

Петергоф - SMS 29

Кирило-Белозерскэ къулшырыфыр - SMS 33

Мань-Пупу-Нер къурш дапхъэм и мывэ пкъохэр - SMS 34

Блаженный Василий и члисэр - SMS 38

«Вовнушки» чэщанэр - SMS 43

Мамай Iуащхьэмрэ Хэку-Анэм и фэеплъымрэ - SMS 45

Iуащхьэмахуэ бгыр - SMS 47

ХЬЭПЭ Маринэ,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ.

ЩIыпIэ самоуправленэм и органхэм я депутатхэм хуащIа пщIэ

Накъыгъэм и 20-м КъБР-м и Парламентым и Унэм законхэр къыдэзыгъэкI органым и ЩIыхь тхылъыр зыхуагъэфэщахэм щратыжащ. А махуэм ягъэлъэпIащ щIыпIэ самоуправленэм и органхэм блэкIа хэхыгъуэм хэта депутат гуп.

КъБР-м и Парламентым и спикер **Бечелов Ильяс** къыхигъэщащ Парламентым и ЩIыхь тхылъыр зыхуагъэфэщахэм законхэр къыдэзыгъэкI органым и унэм а дамыгъэр щетыжыныр хабзэ хъарзынэу зэрызэтеувар. Абы щIыпIэ самоуправленэм и органхэм я депутатхэм лэжьыгъэ тэмэм зэрырагъэкIуэкIам папщIэ фIыщIэ яхуищIащ икIи хэхауэ къигъэлъэгъуащ «ЩIыпIэ самоуправленэ къызэгъэпэщынымкIэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ закон №131-р республикэм щыгъэзэщIэным абыхэм къаруушхуэ зэрырахьэлIар.

«Фэ зэпымыууэ цIыхум фахэтщ икIи къуажэми къалэми щыIэ гугъуехьхэм нэгъэсауэ фыщыгъуазэщ, абы къыхэкIыу жылагъуэмрэ властымрэ зэпызыщIэ къарууэ фыщытыну дыфщогугъ», - къыхигъэщащ Парламентым и УнафэщIым и псалъэм и кIэухыу.

Абы и ужькIэ Бечелов Ильяс илъэс куэдкIэ щIыпIэ самоуправленэм и органхэм хьэлэлу щылэжьа депутату 30-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр яритащ икIи абыхэм узыншагъэ быдэ, насып яIэну, ефIэкIуэну, республикэм и сэбэп зыхэлъхэм иджыри куэдрэ узыншэу телэжьэну ехъуэхъуащ. Тыгъэ лъапIэр зратахэм хъуэхъу псалъэхэмкIэ зыхуагъэзащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэхэу **Федченкэ Людмилэ, Бозий Натбий, Берд Хьэзрэталий** сыми.

БАТЫР Любэ.

Парламентым и лэжьэкIэр нэхъ убгъуауэ къагъэлъэгъуэнущ

КъБР-м и Парламентым и унафэщIхэр накъыгъэм и 20-м яIущIащ республикэм и хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм я Iэтащхьэхэм. А зэIущIэм щытепсэлъыхьащ КъБР-м законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэр илъэс 70 (КъБР-м и Парламентыр илъэс 15) щрикъум ирихьэлIэу телевиденэмрэ радиомрэ программэ хэхахэр къыщызэгъэпэщыным, газетхэм тхыгъэхэр къытедзэным.

ПАРЛАМЕНТЫМ и УнафэщI **Бечелов Ильяс** къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ мы махуэ гуфIэгъуэхэм ирихьэлIэу зэфIагъэкIыну я мурадхэм. Абы къыхилъхьащ «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ яIэщIэлъ газетхэм «КъБР-м и Парламентыр - цIыхухэр», «КъБР-м законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэр - зы махуэм адрейр къыкIэлъыкIуэу», «Республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэр зэрызэтеувар, абы зэрызиужьар» рубрикэхэр къыщызэIуахыну. Парламентым и юбилейр гъэлъэпIэным хиубыдэу къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэхэм, щIэныгъэ, творческэ интеллигенцэм я тхыгъэхэр къытрадзэну, къэралым IэщIэлъ телевиденэмрэ радиомрэ программэ щхьэхуэхэр къыщызэрагъэпэщыну я мурадщ.

Парламентым и спикерым жиIащ республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и органым иригъэкIуэкI лэжьыгъэр къэзыгъэлъагъуэ журналист тхыгъэ нэхъыфIхэр, цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэр къыхэхыным теухуа зэпеуэ зэрырагъэкIуэкIынур. Абы щытекIуахэм тыгъэхэр щратыжынущ КъБР-м законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэр илъэс 70 зэрырикъум теухуауэ мы гъэм и жэпуэгъуэ мазэм КъБР-м и Парламентым иригъэкIуэкIыну гуфIэгъуэ зэIущIэм.

ЦIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм зэIущIэм щыжаIащ мы Iуэхум теухуауэ лэжьыгъэ пыухыкIахэр зэрырагъэкIуэкIыр, Парламентым иубзыхуа планыр гъэзэщIэным ахэр дяпэкIи жыджэру зэрыхэтынур.

ЗэIущIэм и кIэухым «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд** къиIэтащ газетхэр Iэ тезыдзэхэм яIэрыгъэхьэным ныкъусаныгъэ куэд зэрыхэлъым, пощтым и тарифхэм зэпымыууэ зэрыхигъахъуэм, Iэ тезыдзэхэм папщIэ къызэрагъэпэщу щыта махуипщI лэжьыгъэхэр зэрырамыгъэкIуэкIыжым къыхэкIыу республикэ газетхэм я тиражхэр зэрехуэхыр.

ЗэIущIэм хэтахэм жаIахэм едэIуа нэужь, Бечелов Ильяс Щэнхабзэмкiэ, спортымкIэ, туризмэмкIэ, цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ комитетым и пщэ ирилъхьащ зи гугъу ящIа Iуэхухэр зэхигъэкIыну. Апхуэдэу абы мы лэжьыгъэм пыщIа псори зэхуэсу а Iуэхум КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зэIущIэм щыхэплъэну къригъэблэгъащ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

Ди махуэм республикэм

Адэхэр щапхъэ ирехъу!

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***«Си сабийхэрщ насыпыр зыхэслъагъуэр» фIэщыгъэцIэм щIэту адэхэм я 4-нэ республикэ зэIущIэ иджыблагъэ Черкесск къалэ щекIуэкIащ. Ар къызэрагъэпэщащ Къэрэшей-Шэрджэсым Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэмрэ республикэм и цIыхубзхэм я зэгухьэныгъэмрэ.***

КъШР-м и президентым и пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ, республикэ зэIущIэм и пэ къихуэу къалэхэм, районхэм мыпхуэдэ зэхуэсхэр щызэхэтащ. Абыхэм щытепсэлъыхьащ быныр тэмэму гъэсэнымкIэ, егъэджэнымкIэ цIыхухъум къытехуэ пщэрылъхэм, адэм и пщIэр унагъуэм щыIэтыным ехьэлIа Iуэхугъуэхэм, нэгъуэщIхэми.

Иджырей зэIущIэм кърихьэлIащ адэ 400-м нэблагъэ. Абыхэм я нэхъыбэм бынищ-плIы яIэщ.

КIэрымылъ пцIы кIэралъхьэ

АБХЪАЗ. ***Республикэм и Президент Бэгъэпщ Сергей журналистхэм зэражриIамкIэ, куржы-абхъаз зэпэщIэувэныгъэр мамыру зэфIэхыным хущIэкъу Урысей Федерацэр а Iуэхум къыпыгъэкIыным щIэхъуэпс къэрал зыбжанэ КъухьэпIэмкIэ щыIэщ.***

«КУЭДЫМ ягу техуэркъым Урысей Федерацэр къызэрытхущытыр икIи куржы-абхъаз зэпсэлъэныгъэм хагъэкIын щхьэкIэ кIэрымылъ пцIы кIэралъхьэ. Иджыри зэ къыхызогъэщ: урысей мамырщIэкъухэм я фIыгъэкIэ щIыналъэм щытыкIэр щызэпIэзэрытщ икIи ахэр нэгъуэщI къэралым и сэлэтхэмкIэ яхъуэжу зыми яхуэддэнукъым. Куржы-абхъаз зэпэщIэувэныгъэр мамыру зэфIэхынымкIэ УФ-м лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI, ар къытхэмытуи ди Iуэхур дэкIынукъым», - къыхигъэщащ Бэгъэпщ Сергей.

Президентым апхуэдэуи жиIащ куржыхэм зэпсэлъэныгъэхэр зэрыдрагъэкIуэкIыр. «Куржы-абхъаз зэпэщIэувэныгъэр мамыру зэфIэхыным хущIэкъу политикхэр Куржым щыIэщ. Абыхэм дахуозэ, дадолажьэ, ауэ зэгурыIуэныгъэ гуэри унафи щыIэкъым, Iэи зыми тедзакъым.

Куржым и унафэщIхэм ящIэн хуейщ Абхъазыр куржыхэм я автономие зэрыхуэмыныкъуэр, абыхэм я деж къэрал къулыкъуи къызэрыщыдмылъыхъуэр. Дэ дызыхущIэкъур зыщ - ди щхьэхуитыныгъэрщ», - къигъэлъэгъуащ Бэгъэпщ Сергей.

Унагъуих ягъэгуфIэ

АДЫГЕЙ. ***«ПсэупIэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ сертификатхэр иджыблагъэ иратащ Мейкъуапэ щыпсэу унагъуихым.***

МЕЙКЪУАПЭ къалэ администрацэм и пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ, цIыхухэр унэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ, абыхэм я псэупIэр егъэфIэкIуэнымкIэ щыIэ программэм ипкъ иткIэ, сертификатхэр зыIэрыхьа унагъуэхэр щыIэщ. 2008 гъэр къызэрихьэрэ Мейкъуапэ щатащ сом мелуанитху зыхуэзэ сертификатхэр.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Ди газетыр къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Фигу къыдогъэкIыж 2008 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр зэрекIуэкIыр.

Илъэс ныкъуэм газетым и уасэщ сом 356-рэ кIэпIейкIи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт IуэхущIапIэ псоми.

Ди индексыр 51531

Инвестицэу сом мелуан 400-м нэблагъэ

(КІэухыр. Пэщідэзэр 1-нэ нап.)

«Льэпкъ проектыр кьыззрыхальхьэрэ блэкІа зэманым haIуэ къиІщІащ абы щыуБзыхуэ Іуэхугъуэхэр пІалъэ кІыхьым зэрытещІыхьар, егъэджэныгъэм и Іэнатіэхэр нэрыльагъуу езыгъэфІакІуэ программэ зэрыхъуар.

Мы зэманым ди лэжьыгъэр лъэныкъуихым, абыхэм я гуэдзэну блым тету идогъэкІуэкІ. Дэтхэнэми кьыззщІэубыдэ ди къэралым зэрыщрагъаджэ Іэмалыфіхэр кьэгъэсабэныныр, школхэм гъэсныгъэм щегугъныр, ныбжьыщІэхэр зэрагъашэ щыкІэр егъэфІэкІуэныр, «Къуажэ школ автобус» проектыр, инноваци программэхэр тегушхуауэ пхыгъэкІыныр, нэгъуэщІхэри.

Зэрырагъаджэ инноваци программэхэр нэхъыфІу кьэзыгъэсэбэп егъэджакІуэхэмрэ школхэмрэ кьызщыхах зэпеуэхэр гъэ кІэс идогъэкІуэкІ. Абы ипкъ иткІэ, федерал бюджетым кьыхэкІыу egжапІэ 25-м сом мелуан зырыз, школи 6-м республикэ бюджетым щыщу сом мин щитІ-щитІ иратынущ», - къиГъэлъэгъуащ егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министр **Щхьэгъэпсо Сэфарбий**.

Министрым зэрыжиІамкІэ, зэпеуэр гъатхэпэм и 10-м иухащ. Абы хэтыну зэрыхуеймкІэ тхьилъхэр курыт егжапІэ 51-м (кьалэу 24, кьуажэу 27) ятати, зэхьэзэхуэм хагъэхьар 45-рэщ. ЗэрагъэуцуакІэ тету, егжапІэ нэхъыфІхэр ягъэбелджьылащ жылагъуэ организацэу 6-м. Апхуэдэщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Сабий фондым, республикэм и щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я Союзым, егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ я лэжьакІуэхэм я профсоюзым и рескомым, КЪБР-м и Пенсионерхэм я союзым, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и Промышленникхэмрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ я союз» щІыналъэ зэгухьэныгъэм, «ЕгъэджакІуэхэм я урысейпсо зэхуэсэ» жылагъуэ организацэм и щІыналъэ къудамэм я экспертхэр.

Іыхьитіу зэщхьщыхьауэ ирагъэкІуэжІа зэпеуэм кьрикІуэхэр щІэзэхальхьэжащ КЪБР-м и Президентым деж Льэпкъ проект пэрытхэр гъэзэщІэныжрэ демографие политикэмкІэ щыІэ советым Іуэхущапі-эхэм я зэдай и лэжьакІэ гупым и зэІущІэм.

«ЕгъэджакІуэ нэхъыфІхэр кьыщыхэтха зэхьэзэхуэри зэфІэкІащ. Абы хэтащ щыхуи 187-рэ. Ари Іыхьитіу гуэшауэ щытащ. Зэпеуэр езыгъэІэкІуэжІа комиссэмрэ эксперт гъэныгъэрэ я къэпщытэныгъэхэм кьарикІуам ипкъ иткІэ, федерал, республикэ бюджетхэм кьыхэкІыу егъэджакІуэ 96-м гранту сом мини 100 зырыз иратынущ.

«Егъэджэныгъэ» льэпкъ проект пэрытри гъэзэщІэным кьыхэу, нэгъабэ я щыщхьэІу маэм ирихьэлІэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и кІуэрыт шюл псори Интернетым пытщащ, школ щхьэхуэхэм сом мелуани 2,8-рэ и уасэ компьютери 134-рэ щыдгъэуващ. Егъэджэныгъэм пэІэщІэ, гъэсэныгъэм кьемыдзэгъэ хьыбархэм ныбжьыщІэхэр зэрыщытхьумэныж долэжь. Абы нормативправовой лъабжьэ кьыхуэздгъэпэщащ, мыхъунухэр хэзыгъэкІ программэ хэха дгъэхьэзырри, Интернетым пыща компьютер псоми пыддзащ. А Іуэхум ткІийуэ дыкІэльопль», - кьыхигъэщащ министрым.

Щхьэгъэпсо Сэфарбий кьигъэлъагъуащ ИнтернетымкІэ ягъуэт Іуэхутхьебзэхэм я фІагъым хэсу ярэзы зэрытемыхьуэр, зыхуей хьыбархэр зэман кІыхьКІэ кьаззрыІэрымыкьэр икІи ар кьызыжкІ щхьэ учсигъуэм кьытеуВащ.

«Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министерствэм зэхэлъхьауэ 2007 гъэм и пІэ льандэрэ егъэзащІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Промышленникхэмрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ я союз» щІыналъэ зэгухьэныгъэм, «ЕгъэджакІуэхэм я урысейпсо зэхуэсэ» жылагъуэ программэр. Апхуэдэу «2007 - 2011 гъэхэм КЪБР-м егъэджэныгъэм зэрызыщужьынур» жыхуиІэ республикэ программэ хэхам зэрыщыубзыхьам тету, зи пІалъэр икІа компьютерхэр щІэкІэ тхьуэжьынущ, нэгъуэщІ ІэмэпсымэжкІэ щхьэкІэ кьызэдгъэпэщынущ», - къиГъэлъэгъуащ къэпсэльам.

КЪБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщі **Кьэжэр Альберт** зэрыжиІамкІэ, ди республикэм и Правительствэмрэ Мэзкуу Къэрал университетымрэ зэращыкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щхьэ студентхэр а еджапІэ нэхъыщхьэм зэрагъэкІуэнум теуха зэгурыІуэныгъэ.

«Абы Іэмалыфіхэр кьытхуэзІуех. Дэ тхуэзэфІэкІынущ студент зэчиифІэхэр республикэ бюджетым и мыльккуКІэ Іэщіагъэ зэмылІэужьыгъуэхэм хуэдэ зэджэнуу, - къиГъэлъэгъуащ Къэкъэр Альберт.

Нэхъ зыгъэпІейтейхэм ящыщу Кьанокъуэ Арсен кьыхигъэщхьэкуКІащ республикэм и экономикэм папщІэ ІэщіагъэлІэхэр гъэхьэзырынымкІэ щыІэ президент программэм хэтхэу хамэ къэралхэм я бизнес-школхэм зэрыгъэуэну зытраууэхэм инджылызыбзэр тэмэму зэрамыщІэр икІи абы ехьэлІауэ и Іуэху еплъыкІэр кьиІуэтащ.

КЪБР-м и Президентым деж Льэпкъ проект пэрытхэр гъэзэщІэныжрэ демографие политикэмкІэ щыІэ советым и протокол унафэхэр зэрагъэзащІэр зэпкъраха нэужь, Кьанокъуэ Арсен кьыхилхьэри зэІущІэм кьрикІуар ІэІэтхІэ щІагъэбыдащ.

Зэхьэхьэм хэтащ КЪБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ **Бечелов Ильяс**, Правительствэм и Унафэщі **Ярин Андрей** абы и кьудзэхэу **Тхьэзэплъыж Мурат, Дышэкі Мадинэ, Чекенов Ануар**, министрхэр, кьалэ, районым администрацэхэм я Іэтащхьэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Льэпкъ щІэжым и махуэ

(КІэухыр. Пэщідэзэр 1-нэ нап.)

Пэкіу нэужьым журналистхэм КЪБР-м и Президент **Кьанокъуэ Арсен** зыщыхуагъазэм, абы кьыхигъэщащ тхьідэм дерс кьыхэхьэхьэу зэрыщытыр.

- Зи блэкІар зымыщІэж цІыхум и кьэкІуэнур щыуагъэнши хьуркъым, - жиІащ Президентым. - Дэ зыщыдгъэгупщэ хьунукъым а зэманым кьытхуихьа кьэхъукъащІэ гуузэр, ар кьыызыкІам и кьэкІуэнур щагъэпІэн дрипльэжу, ар хуэдэ афІэкІа кьэмыхьун папщІэ, льэпкъ зэгурыІуэмрэ зэхэщІкІымрэ зэрызедгъэжьын акъыл кьыхэтхыфІн хуейщ.

Налшык дэт Льэпкъ музеим а махуэ дыдэм кьыщыззІуахаа выставкэр зригъэпэгъуащ Президент Кьанокъуэ Арсен икІи жиІащ утыку кьрахьа сурэтхэр гупсыскІэ зыпыща «Гъащіэ жыг» фэеплъым деж щагъэльэгъуэ зэрыщымытар Іэзэу кьагъэльэгъуащ театрым и артист пажжэУ Шыбзыхьуэ Басир, ЖьакІэмыхьу КІунэ, КІэмыргуей Валентин, Балъкъыз Валерэ, Мысост Вадим, Хьыдзэдж Борис, Тхьэщыгъуей Жаннэ, Тымыжь Владимир сыми ГъуазджэхэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым и актер студиехэм щеджэ ныбжьыщІэхэми.

Спектаклыр ауха нужькІэ артистхэр Іэгуауэшхуэкіэ утыкум кьращащ. Абыхэм фІыщІэ яхуищу, кьыззхуэсахэм я пащхьэ кьыщыпсэльащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Хьэфіыщ Мухьэмэд**.

- Илъэс 19 мэхъу япэ дыдэ мы спектаклыр Къэбэрдей драмтеатрым зэрыщагъэувр, - жиІащ Хьэфіыщ. - Абы щыІуэ премьерэм еплъауэ щытат икІи и гъэпсэр кьыфІекІуэу щыгуфІыкІат «Уафэгъуэгъуэ макъ» повестыр зи Іэдакъэщ Іохвицкий Михаил (Аджакіыку Джэрий).

Хьэфіыщ Мухьэмэд кьыхигъэщащ тхьэмахуэ и пэкІэ спектаклыр Кьэрэшей-Шэрджэсым зэрыщагъэльэгъуар, дыззрыт мазэр имыуэхьу ар Мейкъуапэ яІэну зэрамурадыр. Апхуэдэуи, кьызэхуэсу псомэ хьыбарыфІхэр ядэгъуашэу, жиІащ «Уафэгъуэгъуэ макъ» спектаклыр Черкесск щагъэльэгъуэ нужь, актрисэ Тхьэщыгъуей Жаннэ «КЪШР-м щыхьэ зиІэ и артистхэ» щІэ пьапІэр кьыззрыфІащар.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

Щыгъуэ пэкІур щекІуэкІым.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

●КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

Мурад нэхъыщхьэ

Республикэм законхэр кьыдэзыгъэкІи органыш и Президиумым и зи чэзу зэІущІэ зэхэтащ. Ар иригъэжьащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі Бечелов Ильяс.

«2008 - 2012 гъэхэм зятещІыхьа «ПсэупІэ» республикэ программэ хэхам и Іуэхуки» КЪБР-м и законым и проектыр депутатхэм я пащхьэ кьрилъхьащ Экономикэ политикэмкІэ комитетым и унафэщі **Малкаров Тхэшир** Къэпсалъэм кьыхигъэщащ мы программэр псэупІэм и Іэнатіэр зэпІэзэрыту зэтегъуэвэным, абы дяпэкІи зегъэужьыным, республикэм и щІыхуэр псэупІэ езэгъаращІ. Программэм кьеГъэув, щІыхуэм езыхэм ирагъэкІуэкІ Іуэхуныгъэхэри хэту, 2012 гъэм нэсыху псэупІэ метр зэбгъуэнатІэ мелуаніи 2,5-м нэс яухуэну, общежитхэмрэ зэбгъэпэщІыж хъуну псэупІэ кьыхэхэмрэ кьагъэщІэрэщІэжьыну, унэ ныкъуэкъутэхэр Іуахыну. Мы программэр гъэзэщІэным сом мелард 24-м щигъу текІуэдэнущи, абы щыщу сом мелард 22,8-м нэблагъэр бюджетым щымыщ хэкІыпІэхэм я хьэкІэ кьызэрагъэпэщыну я мурадщ.

«2007 - 2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и унагъэщІэхэр псэупІэкІэ кьызэзгъэпэщыныр республикэ программэ хэхам зэхъуэкІыныгъэхэр хэльхьэным и проектыр депутатхэм я пащхьэ кьрилъхьащ Экономикэ политикэмкІэ комитетым и унафэщІым и кьудзэ **Гончаренко Михаил**. Мы документыр текуауэ программэм хагъэхьэ зыхунэм я ныбжьыкІэр илъэс 35-м нэсу хэгъэхьэным. Апхуэдэу зэрахьэхьэкІ программэм хэхам ират субсидиехэм щыщ Іыхьэм пэуву федералыпэ бюджетым 2008 гъэм кьиутІыпщыну ахьыщэ зэрыграгъаущэ щІыкІэри. Абы и лъныкъуэкІэ ятпэм ягъэувауэ щыта процент 15-м и пІэкІэ унэ зыщІ унэгъащІэхэм ягъэувауэ ТыпщІ ахьыщэ къабжьыщІ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетыр кьызэрызэгъэпэщащ тещІыхьауэ. Апхуэдэу зэрагъэзэхуэж республикэ бюджетым, муниципально щІыналъэхэм я бюджетхэм ахьыщэ кьызэрызхагъэхьІ щІыкІэр зыгъэувэ мардэхэр.

«Псоми кьагъэсэбэп автомобиль, кьалэ щІыбхэм КІэгъущІ гъэзгу, электрокъару пассажир транспортым и Іуэхуки» КЪБР-м и Законыр федеральнэ законодательствэм ирагъэзэгъыжьын папщІэ ЫнатІэхэмкІэ комитетым и унафэщІым и кьудзэ **Атэлыкъ Анатолий**.

ЗэхущІэныжьыпІэ документ псори депутатхэр зэпльэн икІи абыхэм хуащІ дагъэхэзэр ягъэхъызырын папщІэ хуагъэхьащ.

Парламентархэр апхуэдэу тепсэльыхьащ законхэр кьыдэгъэкІыныжьІ зэрэдэму Урысей Федерацэм и адрей субъектхэм кьрагъэхьахэм.

Мопедэр, абыхэм япэльыгъуэхэр зэзыгъакІуэхэм папщІэ хабзэ пыкуэкІэ зэхущІэным хуэдэу Урысей Федерацэм и Правительствэм зэрызыхуагъазэр зэІущІэм кьыщыхилъхьащ Законодательствэмкіэ, ядэлэ ухуэныгъэмкІэ, щІыпІэ самоуправленэм и Іуэхуэхмкіэ комитетым и унафэщІ **Абазэ Руслан**. Абы и кьудзэ **Гилиев Борис** кьэпсэльащ «Урысей Федерацэм щІыпІэ самоуправленэ кьыщызэгъэпэщыныжьІ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я Іуэхуки» Федеральнэ законым и 44 статьям зэхьэхьІныныгъэхэр хэльхьэныгъэ тевуауэ.

Льыкъ хэт фошыгъэр езыгъэхъхущхьэзэр федеральнэ бюджетым и къэкІэ зэцентрализованнэу къэщхуным, «Узынщагъэ» льэпкъ проект пэрытыр гъэзэщІэным хэлъэжьыхь Іуэхуэщ Іапі Іэхэм я медицинэ лэжьакІуэхэм я лэжьапІэм яхущІыгъуным, зи школ кІуэгъэуэ мыхьуа сабийхэр зэкІуалІэ Іуэхущ Іапі Іэхэм щылажьэ педагогхэм я статусыр кьэЗэтыным хуэунэтІа жэрдэмкэр Президиумым хэтхэм я пащхьэм кьраль-хьащ ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмкІэ, узынщагъэ хьумэныжьІ комитетым и унафэщІ **Иванов Игорь**, абы и кьудзэ **Дадэ Исмел** сымэ.

Щэнхабзэмкіэ, спортымкІэ, туризмэмкІэ, щІыхуб хэзыбарегъащІэ ЫнатІэхэмкІэ комитетым и унафэщІым и кьудзэ **Бабаев Хьэусей** кьыхилхьэри, зэІущІэм щытепсэльыхьащ аттракциохэм я техникэр щыагъэгъуэнщэу кьэгъэсэбэпныр кьызэгъэпэщыныжьІ зэфІэгъэкІыпхъэхэм.

Лжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкІэ комитетым и унафэщІым и кьудзэ **Джэш ФатІимэ**кьыхилхьащ ІкІи депутатхэр жьыдэжу тепсэльыхьащ мазэ кьэсэрыдзЭпыкьу сабий ахьыщэ федеральнэ бюджетым кьызэгъэІныным, сымаджэхэр зэрызэрахьэм папщІэ техникэу Іэмал щыІэр зэгъэхьэзырыным теухуа зэІущІэхэр КЪБР-м и куейхэми щрагъэкІуэкІ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

●Щіэблэ

Депутат ныбжьыщІэхэр ягъэхьэзыр

Налшык и «Долинск» зыгъэпсэхупІэм щекІуэкІащ депутат ныбжьыщІэхэр гъэхьэзырыным теухуа зэІущІэ. Абы и кьалэн нэхъыщхьэр щІыпІэ самоуправленэмкІэ органхэм я лжьыгъэм щІалэгъуалэр щыгъэгъуэзэнырщ.

ЗэІущІэм щыхэплъащ щІалэгъуалэм утыку кьрахьа Іуэхугъуэ щхьэхуэхэм. Ахэр хуэунэтІащ щІыхубэм и псэукІэр зэребгъэфІэкІуэну щыкІэм, Іуэху зехьэкІэхэм. Апхуэдэу зэІущІэм щытепсэльыхьащ властым и органхэмрэ щІыпІэ самоуправленэхэмкІэ органхэмрэ зэкъуэту зэдзэпкъэжьэн зэрыхуейм. Депутат ныбжьыщІэхэр гъэхьэзырыным теухуа зэІущІэ КЪБР-м и куейхэми щрагъэкІуэкІ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

КІэлъыплъакІуэ советыр арэзыщ банкым и лэжьыгъэмкІэ

2008 гъэм накъыгъэм и 20-м Урысей Федерацэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Гордеев Алексей «Урысеймэкъумэшбанк» ОАО-м и кІэлъыплъакІуэ советым и зэІущІэ иригъэкІуэкІащ. Абы щыхэплъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и унафэщІ Іуэхущапі-эхэм я Іуэхум.

Парламентым и лэжьыгъэр кьызэрэзэпэщыныжьІ, регламентымкІэ, депутат щэнхабзэмкІэ комитетым и унафэщІ **Махуэ Владимир** кьыпсэльам едаІуэри, Президиумым хэтэхэм унафэ кьащтащі Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхубэ артист Мэрэмыкьуэ Хьусен Билал и кьуэмрэ «Кьэрал музыкэ-драмэ театрым хьыщхьэхэм нэхъри зригъэужащ. Ґватхэпэ мазэм и кІэухым ирихьэлІэу а Іуэхуэщ Іапі Іэм и баланСыр 2008 гъэм и пэщІдзэм елыытауэ процент 12-кІэ нэхьыбэ хьуащ икІи сом мелард 923-м нэсащ. Абыхэм ящыщу щІышьлэ-гъатхэпэ мазэхэм фейдэ кьиту ягъэлажьэ ахъшэр сом мелард 451-м щыщІдзауэ сом мелард 501-м нэсащ, баланс хэхъуэр сом мелуан 924-м нэблагъащ.

Мы гъэм и апэ мазищым кьрибыдэу «Урысеймэкъумэшбанк» ОАО-м и Іуэхущапі-эхэм кредиту ятыр нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елытагъэ процент 19-кІэ нэхъыбэ хуэуащ икІи сом мелард 58-м щІигъащ. Псори зэхэту банким кредиту итауэ щыхуэзу хэтыщ сом мелард 516-рэ. Банкыр ядолажьэ щыхуэ 1 мелуаным щІигъым.

2008 - 2012 гъэхэм мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыннымкІэ Хасэм программэр гъэзэщІэным Іуэхущапі-эхэм банким кредит зэгурыІуэныгъэ мин 45-рэ кьрадыІаащ, псори зэхэту сом мелард 43-рэ и уасэ.

«Кьэралым и мурадщ ди банким и устэм мылькум адэкІи хигъэхьуэну, - жиІащ Трушин Юрий. - Абы и фІыщІэкІэ дэ Іэмал дгъэтынущ банким езым Іэщіэлъ капиталыр нэхьыбэ тщІынымкІэ, къэралым кьиутІыпщ мылькур агропромышленнэ комплексым зегъэужьыным хуэунэтІауэ кьэдгъэсэбэпныжьІ».

«Урысеймэкъумэшбанк» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм и пресс-Іуэхущапі-э.

●Пшыхьэр

«Гъагъэ, си адэжь хэку»

Налшык дэт Музыкэ театрым накъыгъэм и 20-м щекІуэкІащ КЪБР-м и щыхуэз артист Мэрэмыкьуэ Хьусен и ныбжьыр илъэс 60 зэрыкъуамрэ утыку кьызэрихьэрэ илъэс 40 зэрыхъуамрэ я щІыхькІэ зэхащ. «Гъагъэ, си адэжь хэку» зыфІаща творческэ пшыхь.

АР КЪЫЗЫУАХАЩ Адыгэхэм я фэеплъ мазухэм ирихьэлІэу яГъэхьэзыра театр теплъэгъуэ мыинымкІэ. Щхьэхуитыныгъэр зи нэрыгъ нэхъыщхьэ ди льэпкъым Урыс-Кавказ зауэм кьыхуихьа мыгъуагъэхэр литературэ-макъамэ композицэ кІэщІымкІэ кьэгъэлъэгъуэным макъамэ унафэщІу елэжьащ УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, композитор Хьэлэтіэ Джэрэзіил, режиссерыр Сафаровэ Тамарэщ, художникэрыр, Мэрэмыкьуэм игъэзэщІа «Кавказ къуршхэр», «ИстамбылакІуэ» щІыхубэ уэрэдыжьхэр зытхыжар УФ-м гъуазджэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Бицу Юрэщ, утыкум и кьызэгъэпэщыкІэр сурэтыщІ Жылэ Анатолэ ейщ, хореографыр КЪБР-м, Ингуш Республикэм щІыхь зиІэ я артист, «Кабардинка» кьэрал академическэ кьэфакІуэ гупым и художественнэ унафэщІ Атэбий Игорщ. Музыкэ театрым и артистхэри, «Кьурш бынхэр» (унафэщІыр Тхьэмокьуэ Мартинщ), «Нал цІыкІу» (унафэщІыр Кузшей Аликщ) сабий ансамблхэм я кьэфакІуэ ныбжьыщІэхэри зыхэта теплъэгъуэм и сценарийр зытхари, ар гъэувыныжьмкІэ художественнэ унафэщІу щытари КЪБР-м и щІыхубэ артист, псоми фІыуэ ялъэгъу уэрэджьІакІуэ Мэрэмыкьуэ Хьусенщ. УФ-м щІыхь зиІэ и артистхэу ЖьакІэмыкьхьУ КІунэ, Мысостышхуэ Пщыззбий, КЪШР-м щІыхь зиІэ и артистхэ Щэрмэт Людмилэ сымэ кьеджэу абдеж щыІуащ Нэхущ Мухьэмэд, Хьэпупэ Джэбрэил, Лыкъуэжь Нелли сымэ я Іэдакъэщ Іэкі уэсхэр.

«Кабардинка» кьэрал академическэ кьэфакІуэ гупым игъэзащІа «Уэркъ кьафэмкІэ» кьызэІуахащ концертым и етІуанэ Іыхьэр. Пшыхьэр зыхуагъэльапІэ Мэрэмыкьуэ Хьусен Іэгуауэшхуэкіэ утыкум кьрагъэблагъэри, уэрэд зыбжанэ игъэззащІащ.

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я къабгъэдэкІыу юбилярым гупэу ехьэхьэщ Правительствэм и Унафэщ Іым и кьудзэ **Дышэкі Мадинэ**.

Апхуэдэу Мэрэмыкьуэ Хьусен ехъэхьэщащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Дзэмыхь** Щ Іыхь тхыпІымрэ дамыгъэмрэ.

Псалъэ гуапэхэм кьадэкІуэу, уэрэдкІэ юбилярым ехъэхьэщащ Мэрэмыкьуэм кущІэ щІауэ и ныбжьэгъуфІхэу УФ-м, КЪШР-м я щІыхуэр артист **Гъуэт Хьусинрэ** (Черкесск) УФ-м щІыхь зиІэ, Адыгэ Республикэм я щІыхуэр артист **Анзорокъуэ Чеславр** (Мэйкъуапэ) КЪБР-м щІыхь зиІэ и артистхэзэу **Даур Иринэ , Шэрджэс Іэсият, Кьалэбэч Иринэ** (Налшык), КЪБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, макъамэтх **Щомахуэ Хьэсэнбий** (Зеикъуэ къуажэ).

Кьызэхуэсахэр Іэгуауэшхуэкіэ Іущ Іащ Урысейм щыпсэу адыгэхэм я льэпкъ-щэнхабзэ автономием (ФНКАА) и тхьэмадэ **Уэхъутэ Александр** ди льэпкъэгъу уэрэджьІакІуэ цІырыІуэм папщІэ кьихьа хьыбарыфІым: ФНКАА-м и жэрдэмкІэ, Мэрэмыкьуэ Хьусен кьыхилъхьащ «КЪШР-м и щІыхуэр артист» щІэ льапІэр.

КЪБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, спортымкІэ, туризмэмкІэ, хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Іэпщэ Заур** псалъэ ирату утыкум кьыщрагъэблагъэм, ар юбилярым ехъэхьэщащ икІи жиІащ Парламентым и Щ Іыхь тхыпІымр Мэрэмыкьуэ Хьусен кьызэрыхуагъэфэщар, гуфІэгъуэ щІыкІэм ипу ар Парламентым и Унэм кьызэрыщытыжьнур. Апхуэдэу юбилярым ехъэхьэщащ Мэрэмыкьуэ зыщІащ Бахъсэн районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и кьудзэ **Кьаздахъу Олегрэ** Щ Іоджэнцыкі Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей кьэрал драмтеатрым и художественнэ унафэщІ, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Шыбзыхьуэ Басирэ** . Гушыіэ теплъэгъуэхэмкІэ пшыхьэр ягъэдэхащ АР-м щІыхь зиІэ и артистхэ Бжьымыс Беллэ, КЪШР-м щІыхь зиІэ и артистхэ Щэрмэт Людмилэ, КЪР-м щІыхь зиІэ и артист Думэн Мурадин сымэ. Кьызэхуэсахэм Іэгуауэшхуэ хуаІэтащ «Кьурш бынхэр» ныбжьыщІэ Хьэфіыщ и ушэтыр и солисткэ КІэукІуэ Сабинэ «СапэхэтІэ» зэрищІами Ауаз Зубер, Лакъун Толэ, Увыж Анзор сымэ яГъэзэщІа пшынальэхэми.

Концертыр зэхуащІыжащ зэкъуэш республикищым я уэрэджьІакІуэ вагъэшхуэхэу Анзорокъуэ Чеслав, Гъуэт Хьусин, Мэрэмыкьуэ Хьусен сымэ зэдагъэзащІэ «Адыгэ нэмыс» уэрэдымкІэ.

Накъыгъэм и 23 - 24-хэм дзюдомкІэ Москва и «Суперкубокыр» кьэхьыным теухуа дунейпсо зэхьэзэхуэ Урысей Федерацэм и кьалащхьэм щекІуэкІыну. Абы и ужькІэ, накъыгъэм и 25-м, Москва апэу щызэхэтыну Европэм и командІэ чемпионат. Абы щызэхуэсынущ кьэрал 34-м я спортсменхэр. Абыхэм яхэтщ Японием, Франджым, Бразилием, Мэкэрым, Алыджым, Германием, Австрием, Куржым, Ираным, Испанием, нэгъуэщІхэми я командэхэр.

«СУПЕРКУБОК» дунейпсо зэхьэзэхуэм и хабзэм ипкъ иткІэ,

Пекин хуэзышэ зэхьэзэхуэ

●Нобэ щІедзэ

Европэм и кьэралхэм я командэхэм, я хьэльагъ ельытауэ щыбанэ гуфІкІ кьэс щІыхуитІ нэхъыбэ кьагъэльагъуэ зыхунукьым, Азием, Африкэм, Океаниемрэ Панамерикэм - зырыз. Урысей Федерацэр зэпеуэм и кьызэрэпэщакІуэу зэрыщытым щхьэкІэ, бэнакІуэ гупхэм ящыщ цІыху плІырыплІ хигъэхьэну хуит ящІащ.

Ди кьэралым и щІыхьэр яхьуэмэу, УФ-м и командэ кьыщохам хэту «Суперкубокым» щІэбэныкІ Емкъуэ Мухьэмэд и гъэсэнхэу Тау Хьэсэнбийрэ (кг 90) Унэшхуэпі Асльэнрэ (кг 100). Зэпеуэр Пекин щызэхэтну Гъэмахуэ Олимп Джэгухэм хэтыныхэр кьащцыхах зэхьэзэхуэу зэрыщытым кьыхэкІыу, ди щІалэхэм фЫы дыдэу зыкъамыгъэльагъуэу зи хьунукъым, Китайм кІуэн щхьэкІэ. Дыщыгугъынщ Таумрэ УэнэшуэлІымрэ я зэфІэкІ псори Москва щагъэльагъуэу, Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхам хэхуэну, я ныбжьэгъу Джэданэ Алим щыІэну Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІэр Пекин льагъэ щаІэзытыну. Фигу кьэдгъэкІыжьынщи, Сезаль Олег и гъэсэным Олимп Джэгухэм хэтыну Іэмал иГъэтащ иджыблагъэ кІэукІэ Европэ чемпионатым жэз медаль кьыщихьри.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

ЩIалэгъуэ

• Щапхъэ

IэщIагъэм укъыхех

Къардэн Азэмэт Налшык къалэ дэт 17-нэ курыт еджапIэр къыщиухам къыхихыну IэщIагъэмкIэ куэдрэ чэнджэщакъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ар куэд щIауэ егупсысат абы икIи и тхылъхьэр Краснодар дэт военнэ училищэм иритащ. Абы Азэмэт щигъэунэхуащ сэлэт хахуэхэр зэрагъэхьэзыр щIыкIэр - ар мазитIкIэ курс ягъэкIуащ. Къалэн пыухыкIахэр бгъэзащIэу мэзым ущIэсыныр тынштэкъыми щIалэ псоми яхузэфIэкIыртэкъым. Узыншагъэ яIэу, куэдым пэлъэщыну фэ ятетми, махуэ бжыгъэкIэ фIэкIа апхуэдэ къэпщытэныгъэхэр зыхуэмышэчыр мащIэтэкъым.

А ПСЭУКIЭМ уху эхьэзыру ущытын зэрыхуейм Азэмэт хуиущият школым дзэ Iуэхухэм щыхуезыгъэджа, полковник Стеблинский Анатолий.

Къардэным и адэ-анэм яфIэкъабылтэкъым я къуэм къыхиха IэщIагъэр. Абыхэм нэсу зыхащIэрт дамэтелъ зытезылъхьэ цIыхум и пщэ къыдэхуэ къалэныр зэрыгугъур, я щIалэр япэIэщIэу псэун хуей зэрыхъунури къайхьэлъэкIырт. Мэзым щыщIэса мазитIым къриубыдэу щIалэщIэм къыхиха IэщIагъэм «гу щихуэн» я гугъащ Заурррэ Анжелэрэ, арщхьэкIэ Азэмэт и зэфIэкIымрэ къарумрэ пэлъэщащ а къэпщытэныгъэм. Абы и ужькIэ, зэрыщIэтIысхьэ экзаменхэр ехъулIэныгъэкIэ итри, Къардэныр военнэ училищэм и курсант хъуащ.

Сыт хуэдэ Iуэхуми и пэщIэдзэр тыншкъым. Апхуэдэу щытащ Азэмэт еджэн щыщIидзами, уеблэмэ, Кавказым щыщ щIалэгъуалэм кърат нэмыплъри зыхищIащ. Ауэ абы къигъ уэтащ зыхэт хэм зэрагурыIуэн бзэ икIи пщIэрэ нэмысрэ я зэхуаку дэлъу едджэн щIадзащ.

Азэмэт иджыпсту лейтенант нэхъыжьщ, еджапIэри хьарзынэу къиухащ. Абы гуапэу игу къегъэкIыж зыхэта ротэм и унафэщIу щытахэу Литвиенкэ Владимиррэ Павленкэ Сергейрэ. ЩIалэм пщIэ яхуещI къэзылъхуахэм, къыдалъхуахэм. Апхуэдэу гуапэу зи нэхъыжьхэм яхущыт цIыхум и хэкур фIыуэ имылъагъуныр Iэмал зимыIэщ.

Си фIэщ мэхъу, зи гугъу тщIы щIалэм дзэ къулыкъум щызыIэригъэхьэну ехъулIэныгъэм дыщригушхуэн зэман къызэрыхъунур.

БЭЛЭТОКЪУЭ Светэ.

• Псалъэ Iущ

ГукъэкIым къегъэлъагъуэ

ФIыуэ упсэун щхьэкIэ фIыуэ улэжьэн хуейщ, уи лъэ быдэу утетын папщIэ куэд пщIэн хуейщ.

* * *

Щэнхабзэм и тхыдэр умыщIэу, хьэл-щэн дахэ зыхэлъ цIыху ухъунукъым.

ГОРЬКИЙ Максим.

ЦIыхум зызэрицIыхужыр дунейм зэрыхищIыкIым хуэдизкIэщ.

ГЁТЕ Иоганн.

ЦIыхум и акъылыр къызэралъытэр и гукъэкIхэм я бжыгъэмрэ ахэр къызэригъэсэбэпыфымкIэщ.

ГЕЛЬВЕЦИЙ Клод.

ЩIэныгъэрщ, щIэныгъэрщ цIыхур зыгъэлъагэр, щхьэхуит зыщIыр.

ПИСАРЕВ Дмитрий.

Шэшэн Хьисэ, Къундет Иннэ, Абрэдж Мурадин.

• Дэ къытхуатх

Хьисэ и ехъулIэныгъэм и къежьапIэ

ЦIыху акъылым лъабжьэ хуэхъур щIэныгъэращ. КъызэрыслъытэмкIи, а псоми я къежьапIэр тхылъырщ. Абы уи зэхэщIыкIым зрегъэужь, цIыху хэтыкIэм ухуегъэIущ, уи псэлъэкIэри, хьэл-щэнри ирегъэфIакIуэ.

ЕДЖАР щIегъуэжыркъым, жаIэ. Ар нэсу зыхэзыщIэ еджакIуэхэр и мащIэкъым Ислъэмей къуажэ дэт 4-нэ курыт еджапIэм, Абрэдж Тамарэ зи унафэщIым. А школым и 10-нэ классым щеджэ Шэшэн Хьисэщ си тхыгъэр зытеухуар. Хьисэ япэ классым зэрыщIэтIысхьэрэ егъэджакIуэхэм я щытхъу къилэжьу, щIэныгъэм хуэнэхъуеиншэу йоджэ. Курыт школым щызригъащIэхэм нэмыщIи, сыт щыгъуи щIеджыкI езым фIэгъэщIэгъуэн тхылъхэр, дэзыхьэх елъытакIэ, нэхъ кууэ зызыщигъэгъуазэ унэтIыныгъэхэри иIэщ.

Зи гугъу тщIы щIалэ цIыкIур конференцэхэм, зэпеуэ зэхуэмыдэхэм хэтыныр зыпищIщыIэкъым. Илъэс етIуанэ хъуауэ абы и зэфIэкI щегъэлъагъуэ «ЩIалэгъуэ. ЩIэныгъэ. Щэнхабзэ» урысейпсо конференцэм. ИлъэситIми Хьисэ япэ щIыкIэ Бахъсэн куейм, итIанэ республикэ зэхьэзэхуэхэм япэ увыпIэхэр къыщихьри, урысейпсо зэпеуэм нэсауэ аращ. Мы гъэм Обнинск къалэм щекIуэкIа урысейпсо зэпеуэм зэфIэкI лъагэ щигъэлъэгъуащ абы икIи текIуэныгъэ къихьауэ къэкIуэжащ.

ЩIалэм и ехъулIэныгъэхэм лъабжьэ яхуохъу ар езыгъаджэхэм къыбгъэдалъхьэ щIэныгъэр. Апхуэдэу къыхэгъэщыпхъэщ Хьэх Марие, Нэхущ Риммэ, Абрэдж Людэ, Хьэвэящхьэ Джульеттэ, Нэхущ Земфирэ сымэ.

Сабийр тебгъэгушхуэным, и мурадхэр дэпIыгъыным мыхьэнэшхуэ иIэщ. Ар нэсу зыхэзыщIэ цIыху емызэшхэщ зи цIэ къитIуа егъэджакIуэхэр. И къару емыблэжу ныбжьыщIэхэм яхэтщ илъэс 25-м щIигъуауэ а школым щылажьэ Абрэдж Тамарэ. Урысыбзэмрэ литературэмкIэ езыгъаджэ бзылъхугъэм и лэжьыгъэ къызэгъэпэщыкIэр къалъытэри, ар курыт школым и унафэщIу ягъэуващ. Тамарэ зыпэрыт IэнатIэр зыхуей хуэзэу зэрехьэ, нэхъыщхьэращи, ныбжьыщIэхэр ехъулIэныгъэхэм трегъэгушхуэ.

Езыр дэIэпыкъуурэ урысейпсо зэпеуэм зыхуэзыгъэхьэзыра Шэшэн Хьисэ пашэныгъэ къихьауэ Обнинск къыщикIыжам, ар щагъэлъэпIа гуфIэгъуэ зэIущIэ къыщызэригъэпэщат Тамарэ школым. БжэIупэр гъэщIэрэщIауэ, Iэгуауэ макъым щIэту школым кърагъэблэгъэжа щIалэ цIыкIум и гур хагъэхъуащ, нэхъыбэжми трагъэгушхуащ.

Хьисэ зи нэIэ къытетхэм ящыщщ географиемкIэ езыгъаджэ Къундет Инни. Абы и фIыщIи хэлъщ Хьисэ географиемкIэ игъэзэщIа къэхутэныгъэ лэжьыгъэмкIэ республикэм 3-нэ увыпIэ къыщихьауэ зэрыщытам.

Ислъэмей курыт школ №4-м и егъэджакIуэхэм я IуэхущIафэ дахэхэр иджыри зэ щыхьэт тохъуэ ехъулIэныгъэхэм, псом япэрауэ, лъабжьэ яхуэхъур ныбжьыщIэхэм ягъуэт гулъытэр, щIэныгъэм дегъэхьэхыныр арауэ зэрыщытыр.

НАНЭ Любэ,
Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ Бахъсэн район къудамэм и методист.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

Щолажьэ Санкт-Петербург Адыгэ Хасэ

• Лъэпкъ Iуэху

Дэгужьей Рустам

УкъызыхэкIа лъэпкъым, укъыщалъхуа щIыналъэм пэIэщIэу упсэуныр тыншкъым. Сытым дежи гур зыхуеIэ лъахэм хуаIэ гурылъ щэхур псэм къызэрытрамыгъэхьэлъэным хущIэкъу зэпытщ хамэ щIыпIэхэм щыпсэу адыгэхэр. Абыхэм къащIэхъуэ щIэблэм бзэр, хабзэр, щэнхабзэр, тхыдэр ящымыгъупщэн, лъэпкъ зэхэщIыкIыр яIэщIэмыхун папщIэ щIыпIэ куэдым къыщызэрагъэпэщащ Адыгэ Хасэхэр.

Санкт-Петербург дэс адыгэхэм зэхаша хасэм и зы къудамэу жыпIэ хъунущ иджыблагъэ ныбжьыщIэхэм къызэрагъэпэща щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэр. Абы и унафэщIым и къуэдзэ Дэгужьей Рустам иджыблагъэ Налшык къызэрыкIуэжар къэдгъэсэбэпри, упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ.

Рустам Герценым и цIэр зэрихьэу Санкт-Петербург дэт къэрал университетым щоджэ, «Версаль» зыщагъэдахэ IуэхущIапIэр егъэлажьэ. И адэр дзэм хэтти, щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къулыкъу щищIащ, иджыпсту я унагъуэр Урысейм и Ищхъэрэ щыхьэрым щопсэу.

- АДЫГЭ куэд щопсэу Санкт-Петербург къалэми, - жеIэ Рустам. - Ди нэхъыжьхэм къызэрагъэпэщауэ куэд щIауэ абы щолажьэ Адыгэ Хасэ. Ауэ иджы щIалэгъуалэм мурад тщIыри, ныбжьыщIэхэм ядэлэжьэн зэгухьэныгъи къызэдгъэпэщащ. Абы и унафэщIу щытынури, и Iуэхур зезыгъэкIуэнухэри дубзыхуакIэщ, нэхъыбэм дадэлажьэмэ, адыгэ псоми дыкъащIэмэ нэхъ къатщтэу, иджыпсту ди зэпыщIэныгъэхэм зыдогъэубгъу.

- Зи гугъу пщIы зэгухьэныгъэр къызэгъэпэщыныр жэрдэм зыщIа щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ я гугъу къытхуэпщIамэ арат, Рустам. Сыт а мурадым щхьэусыгъуэ хуэхъуар?

- Санкт-Петербург и университет зэхуэмыдэхэм щеджэ щIалэгъуалэр куэд щIауэ дыщIэхъуэпсырт зэхуэсыпIэ щхьэхуэ гуэр диIэным. Сэ сыкъапщтэмэ, махуэшхуэхэм деж парад щекIуэкIкIэ, хуабжьу сехъуапсэрт къалэдэсхэм нэмыщI, лъэпкъ диаспорэхэри зэщIыгъуу зэрыхэтым. Сригумэщырт адыгэм и цIэр зыщIыпIэ дежи къызэрыщымыIум. Абы щыгъуэми ди лъэпкъэгъу куэд щыпсэууэ, адрейхэм нэхърэ зыкIи мынэхъ гуащIэмащIэу.

Иджырей щIалэгъуалэм си гупсысэкIэм къытехуэ куэд къахэкIащ, абы щеджэхэм, щылажьэхэм ящыщу. ЩIалэ зыбжанэм апхуэдэ зэгухьэныгъэ къызэдгъэпэщарэт, ди щIалэгъуалэр утыку къызэрихьэн лэжьыгъэ пыухыкIахэр иригъэкIуэкIыу, щыжытIэм, къыткъуэувэн куэд къэдгъуэтащ.

Санкт-Петербург къэрал университетым щеджэ Чэрты Беслъэн (Нарткъалэ щыщщ) ди щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэм и унафэщIу хэтхри, абы и къуэдзэхэу, къудамэхэм я Iэтащхьэхэу лэжьэнухэри дубзыхуащ.

- Рустам, хамэ щIыпIэ щыпсэу дэтхэнэ зыри и хэкум зэрыпэIэщIэр, и бзэм зэрыхуэзэшыр къэплъытэмэ, къалэн цIыкIукъым фи пщэ къыдэхуэр. Адыгэхэр зыхэсхэм яхэмышыпсыхьыжын папщIэ сыт хуэдэ лэжьыгъэхэр евгъэкIуэкIыну фи мурад?

- Псом япэу зи ужь дитыпхъэу къэтлъытэр Санкт-Петербург къыщалъхуахэм, абы куэд щIауэ дэсхэм адыгэбзэр яIэщIэмыхунырщ. Дэ дыхуейщ ди щIалэгъуалэм адыгэ лъэпкъым и тхыдэр, и щэнхабзэр ящIэу къэхъуну, абы сыт щыгъуи къыдекIуэкIа хьэл дахэхэр зыхамыныну. Абы дэс щIалэгъуалэр щIэх-щIэхыурэ зэхуэтшэсмэ, зэрыцIыхунущ, ди анэдэлъхубзэри нэхъ шэрыуэу яIурылъынущ.

- А зэхуэсхэр зытевухуэну Iуэхугъуэхэм, фи зэгухьэныгъэм и къудамэхэр зыхуэдэм утезгъэпсэлъыхьынут.

- Адыгэхэм ягъэлъапIэу щыта зы махуэшхуи блэдгъэкIынукъым, щыгъуэ махуэхэми дызэхуэсащ. Куэд щIакъым гъэрэ щIырэ щызыхэкIыр щыдгъэлъэпIа зэIущIэ дахэ зыредгъэкIуэкIрэ. ДызэримыгугъауэцIыху куэд къекIуэлIат абы. Ар зэкIэ дыкъэзыщIэхэращ, дяпэкIэ нэхъыбэж къызэрызэхуэсынум шэч хэлъкъым. Дэ диIэщ щэнхабзэмкIэ, щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкIэ, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ, спортымкIэ къудамэхэр.

Спортсмен куэд къытхэтщ зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм щытекIуэрэ Санкт-Петербург къалэм и щIыхьыр яIэту. Ар хъарзынэщ, ауэ а ди щIалэхэр ди зэгухьэныгъэм къыхыхьэмэ, зэрыадыгэр къэгъэлъэгъуа хъумэ, ди гуапэщ. Иджыблагъэ футбол командэ къызэдгъэпэщащ икIи къалэм и гупхэм хагъэхьэну лъэIу тхылъ дгъэхьэзыращ.

ЩэнхабзэмкIэ къудамэм и гугъу пщIымэ, нэхъыщхьэу къыдолъытэ адыгэ къафэмкIэ гуп зэрызэхэтшар. Апхуэдэуи, жэрдэм зиIэхэм тхьэмахуэм тIэу, сыхьэтитIкIэ къэфэкIэм зыщыхуагъэсэну гупжьей къызэIутхащ. Ди республикэм щыцIэрыIуэ артистхэр едгъэблагъэурэ, Санкт-Петербург къалэм концертхэр щедгъэтыныр ди хъуэпсапIэщ.

Ди зэгухьэныгъэм хэтщ студентхэри, куэд щIауэ къалэшхуэм щылажьэхэри, езыхэм я IуэхущIапIэ къызэIуахыжауэ зи щхьэ Iуэху дэзыгъэкIыжыфхэри. А псори щызэрыщIэм, щызэдэлажьэм деж къару лъэщ мэхъу. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, гузэвэгъуэ зиIэ цIыхум зыщIыдогъэкъуэф, лэжьэну хуейуэ накIуэ ди къуэшхэм нэхъ ягу ирихь IэнатIэ къагъуэтынымкIэ дадоIэпыкъу.

- Рустам, а псоми мылъку мымащIи текIуэдэну къыщIэкIынщ. Абы и лъэныкъуэкIэ зэгухьэныгъэм и Iуэху зыIутыр сыт?

- Иджыри къэс къэдгъэсэбэпа ахъшэр зэгухьэныгъэм хэтхэм зэхалъхьахэрщ, зэрыжысIауэ, зи хьэрычэт Iуэху зиIэж, ахъшэ къэзылэжьыжыф ди ныбжьэгъухэм къызэхуахьэсхэрщ. Сэ, псалъэм папщIэ, си адэ-анэр къыздэIэпыкъури, зы IуэхущIапIэ къызэIусхащи, зэкIэ дыщызэхуэсын къызогъуэтыф. Ауэ ди лъэр быдэ хъумэ, цIыху 600-м щIигъу къекIуэлIэну худогъэфащэри, бэджэнду пэш къатщтэурэ зэIущIэхэр едгъэкIуэкIын хуейуэ аращ.

Къыхэгъэщыпхъэщ Санкт-Петербург дэсхэм ящыщу мылъкукIэ къыддэIэпыкъухэр къызэрыкъуэкIар. Ди гуапэ хъунущ абыхэм я бжыгъэм къыхэхъуэмэ. Ар къыдэхъулIэмэ, дэ нэхъри зыдужьынущ. Къэбгъэлъагъуэмэ, иджы адыгэ фащэ едгъэдын хуейщ, абы и уасэм ди къару закъуэкIэ дыпэлъэщынукъыми, дэIэпыкъуэгъу дыхуэныкъуэнущ.

- Петербург дэс щIалэгъуалэр дауэ фызэрыщIэрэ?

- Компьютер Iэмалхэр къэдгъэсэбэпурэ, нэхъыбэм хъыбар идогъэщIэф. Ар зи къалэни хэтщ ди зэгухьэныгъэм. Дызэхуэсынухэм деж хъыбарыр ИнтернеткIэ зэбгрыдогъэх. КъищынэмыщIауэ, иджыпсту дызэлэжьхэм ящыщщ «база данных» жыхуаIэм хуэдэ зэрызыхэдгъэувэр. Абы дэтхэнэ зы адыгэ щIалэми, пщащэми и цIэр, щеджэр е щылажьэр, къызэрыдгъуэтыну телефоныр итынущи, ди Iуэхур нэхъ тынш хъунущ. ИтIанэ, нэхъ пасэу дегупсысри, университет къэс абы щIэс адыгэхэм я Iуэху зытет зыщIэу зы цIыху хэтхащ, нэхъ тыншу дызэлъэIэсын папщIэ.

Куэд мыщIэу къызэIутхыну сайтым Iэмал къыдитынущ дуней псом щыIэ адыгэхэм дадэлэжьэнымкIэ, хамэ щIыпIэ щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм запытщIэнымкIэ.

- Кавказым икIыу урысей къалэшхуэхэм кIуахэм нэмыплъ къызэрыратым теухуа хъыбар гуемыIухэр куэдрэ зэхыдох. Сыт хуэдэ зэхущытыкIэ яку дэлъ адыгэхэмрэ Санкт-Петербург и цIыхухэмрэ, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэм?

- Мы Iуэхум сэ сызэреплъыр къэзгъэлъэгъуэну сыхуейт япэ щIыкIэ: сыт хуэдэ лъэпкъ укъыхэкIами, дэнэ щIыпIэ ущымыIэми, уэ езым зыкъызэрыбгъэлъагъуэращ зэлъытар цIыхухэм къыпхуаIэну щытыкIэр. Къапщтэмэ, сэ схужыIэнукъым Петербург дэс урысхэм пщIэ къытхуамыщIу е я дзыхь къыдамыгъэзу. Пэжщ, къохъу лъэпкъитIым къыхэкIахэр щызэгурымыIуэ, ауэ ар зэIущIаитIым къагъэхъея псалъэмакъщ къызэрыкIыр.

ЖысIэну сызыхуейращи, адыгэхэм нэмыплъ кърату е пщIэ къыхуамыщIу зыщIыпIэ дежи сыщрихьэлIакъым. Урыс усакIуэшхуэхэу Пушкин, Лермонтов сымэ зытетхыхьа, хабзэ дахэ куэд щызэрахьэ Кавказ щIыналъэр дэ зэрабгъэдэтлъхьэм хуэдэущ хамэхэм къазэрыщыхъунур. Ар зэи зыщыдгъэгъупщэркъым.

- Рустам, уэрэ абы щеджэ уи ныбжьэгъухэмрэ щIэныгъэ, IэщIагъэ зэвгъэгъуэта нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэрым къэвгъэзэжыну фи мурад?

- Адрейхэм я гум илъым сыщыгъуазэкъым, ауэ сэ сыкъапщтэмэ, уи къуэпсхэр къыщежьэ щIыпIэм сытым дежи узэрыхуеIэр зэхэсха къудей мыхъуу, псэкIэ зыхызощIэ. Нэхъапэм Налшык сыкъэкIуэжрэ мазэкIэ зыщызгъэпсэхуа нэужь, си Iуэху иужь сихьэжыну сыпIащIэу сежьэжырт. Иджы, нэхъыбэрэ сыкъэкIуэжыну, сыкъэкIуэжа нэужьи зэман нэхъыбэ щызгъэкIуэну сыхуей хъуащ ди къалэм. ЕджапIэр къэзухрэ, къыщIэздза Iуэхум зыкъомрэ срилажьэмэ, къэзгъэзэжыну си мурадщ. Ар яжесIащ си адэанэми. Адэжь лъахэр зэи гум ихуркъым; ущыпэIэщIэм дежи, сыт хуэдизкIэ уи Iуэху дэмыкIми, псэр тыншыркъым.

Епсэлъар **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.**



Санкт-Петербург Адыгэ Хасэм и ныбжьыщIэ зэгухьэныгъэм хэт гуп.

КЪАРДЭН Мухьэмэд

Гурыщхъуэ

Рас-сказ

ЗИ КЪУХЬЭГЪУЭР къэблэгъа дыгъэм игъэпщкIуж бзий хуабэм иджыри гуапэу зыкъуешэкI. Уафэ пшэкIэплъ дахэм IуащхьэмахуэзыхегъэпскIыхь. Къуалэбзу цIыкIухэм тIурытI защIауэ зоубзэрабзэ, зэхуобзэIэфI. Пщыхьэщхьэр дахэщ, гур ипхъуатэу.

ШхапIэм и бжэIупэ нэхур хэщIапIэ зыщIа щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ я IутIыжщи, пщыхьэщхьэ гуакIуэр нэхъри ягъэбжьыфIэ. Мухьэмэдин и закъуэу стIолым бгъэдэсщ: «Щхьэ къэмысрэ мы си хъуэпсапIэ пщащэр», - жиIэу и Iупэр мэпIэжьажьэ, и нэр куэбжэ цIыкIум тенауэ. И пщащэм къэкIуэну щриухылIа зэманыр блэкIащи, абы ирогузавэ. «Пщыхьэщхьэ хъуащи, къамыутIыпщу арауэ пIэрэ? Сэ щызигъусэм деж абыхэм зыри жаIэркъым, сыт иджы къэхъужар? Iэмал имыIэу къэкIуэнущ ар, тIэкIу гувэми», - упщIэхэр куэд мэхъу. Мухьэмэдин фIыуэ илъэгъуа ФатIимэт зэкIужт, Iэпкълъэпкъ дахэ иIэт.

И адэмрэ и ныбжьэгъухэмрэ къыхагъэзыхьу иджыблагъэ къыжраIахэм и гупсысэр нэсауэ хоплъэ, абы щыгъуэ къызэреупщIахэм я жэуапыр иджы къегъуэт.

- Уа, щIалэ, дапщэщ мы унэм зыгуэр къыщыщIэпшэнур, уи къуэш нэхъыщIэм и къэшэгъуэр блокI, уи анэмрэ сэрэ ди махуитI зэхуэдэжкъым? - къыжреIэ игъащIэм къыбгъэдэувэу апхуэдэ IуэхукIэ къемыпсэлъа и адэм.

- Пэжщ псори, ауэ апхуэдэу занщIэу узэрыхуейм хуэдэу зэфIэкIыркъым ар, - жеIэ щэхуу Мухьэмэдин.

- Дапщэщ, Мухьэмэдин, унэидзыхьэ дыщыкIуэнур, дыщызэхэплъэнур, и чэзу мыхъуа уи гугъэрэ? - къыжраIэ и ныбжьэгъухэм.

- ФымыпIэщIэж, ныщхьэбэ аращ зи Iуэху зесхуэнур, зэ къэсамэ, занщIэу езубыдылIэнти жесIэнт къыздэкIуэну.

- Сыту Iейуэ ухэгупсысыхьа, Мухьэмэдин, зыгуэр къэхъуа? - жиIэу ФатIимэт щэ ху дыдэу абы и щIыбагъымкIэ къыбгъэдохьэ.

- Хьэуэ, хьэуэ, мыдэ зыгуэр си гум къэкIыжауэ аращ, - жиIэурэ пщащэр стIолым къыбгъэдегъэтIысхьэ.

Зэбгъэдэсащ Мухьэмэдинрэ ФатIимэтрэ зызэщамыгъэнщIу, зэманыр псынщIэу зэрыкIуами гу лъатакъым.

- ХэкIуэтащ, Мухьэмэдин, накIуэ сышэж, армыхъумэ дыдейхэр гузэвэнущ.

- Сэ узэрызигъусэнур яжепIакъэ?

- ЯщIэ, ауэ итIани сыкIуэжмэ нэхъыфIщ, езгъэлеймэ дяпэкIэ сыкъыдамыгъэкIыжынри хэлъщ, - жэуап иретыж абы Мухьэмэдин.

ЕтIуанэ махуэм и пщыхьэщхьэм Мухьэмэдин ФатIимэт къишащ. ЩIалэ нэхъыжьым и хьэгъуэлIыгъуэр псоми я гум къинэжауэ дахэу, псалъэмакъыншэу ирагъэкIуэкIащ.

Фомрэ цымрэ хуэдэу зэкIэрыпщIауэ, зи гъащIэ гъуэгу дахэу хэзыша ныбжьыщIитIым ехъуапсэри ефыгъуэри гъунэжт. ЦIыхухэм жаIэрт: «Я насыпщ, сыту фIыуэ зэрылъагъурэ а тIур, игъащIэкIэ зэфIэкIуэдынкъым икIи пхузэкIэрычынкъым».

Илъэсищ дэкIри Мухьэмэдинрэ ФатIимэтрэ щIалэ цIыкIу ягъуэтащ. Ар къалъхуа и ужькIэ япэ илъэсым зэщхьэгъусэхэр псалъэмакъыншэу, насыпыфIэу, зыр щIэкIамэ, адрейр гузавэу пэплъэу зэдэпсэуащ. ИужькIэ псалъэмакъ яIэ хъуащ. ФатIимэт и пщIыхьым къыхэхуэртэкъым и унагъуэм пшэ фIыцIэ къыщхьэщыхьэну, и гъащIэм напIэзыпIэу зихъуэжыну.

ЩIалэ цIыкIум и ныбжьыр илъэсрэ ныкъуэрэ ирикъуа иужькIэ Мухьэмэдин пщыхьэщхьэкIэ бзэхыу щIидзащ. Хьэуэ, ар, япэми хуэдэу, ФатIимэтрэ сабиймрэ яхуэгуапэт, ауэ и лIыр зыгуэрым зэригъэпIейтейм гу лъитат. Сыт апхуэдэм деж цIыхубзыр зэгупсысыр? «Дауи, абы щIасэ цIыхубз къигъуэтауэ аращ», - къэгузэващ ФатIимэт, ауэ зэкIэ зыри жиIакъым, зызэтриIыгъащ, уеблэмэ и теплъэкIи гурыщхъуэ зыхуригъэщIакъым.

Гупсысэ Iейхэм куэдрэ уагъэкIуэн, бампIэм зримыгъэхьын щхьэкIэ, нэхъ дзыхь зыхуищI и ныбжьэгъу Хьэлимэт дэгуэшащ ФатIимэт.

- Уи фIэщ хъурэ, - жиIащ абы, - Мухьэмэдин пщыхьэщхьэ къэскIэ докIри, гуващ къыщыкIуэжыр, уеблэмэ ар сэ къысщигъэпщкIуркъым.

- Сытым деж атIэ ар щыкIуэнур, щылажьэм деж? - дыхьэшхащ и ныбжьэгъур. - Уэ уи гугъар сыт тIэ, лIы псори апхуэдэщ.

- Сэ си щхьэгъусэр апхуэдэкъым, - ерыщу жеIэ ФатIимэт. - Сэ абы фIыуэ сыкъелъагъу.

ФатIимэт жэуап къримыту Хьэлимэт ауанышщIу къыпыгуфIыкIащ, ищIэрт цIыхухъу псоми уи дзыхь ебгъэз зэрымыхъунур.

«Пэжу пIэрэ мы си ныбжьэгъум къызжиIэр, хьэмэ апхуэдэ щIыкIэкIэ сыхигъэлъэдэну арауэ пIэрэ?» - егупсысащ ФэтIимэт, иджысту къыщиудыну зызыгъэхьэзыра и нэпсхэр игъэпщкIуу, тэмакъыр ирикъухыу.

...Куэд дэмыкIыу, ар апхуэдэ дыдэу зэрыщытыр и фIэщ хъуну къыхуихуащ. Зэгуэрым ФатIимэт, сабийр и анэшхуэм къыхуигъанэри, бэзэрым кIуауэ, куэд щIауэ и цIыхугъэ цIыхубз гуэрым хуэзащ. Зыбжанэрэ зэдэуэршэра иужькIэ, зэрымыщIэкIэ абы къыжьэдэцIэфтащ: «У и щхьэгъусэм зы цIыхубз щIакъуэ гуэр и гъусэу зы жэщ къэмынэу солъагъу. Уэ къебгъэжьащ, армыхъумэ ар уэ бжесIэну си мурадакъым. Сэ Мухьэмэдин и благъэхэр фIыуэ соцIыху».

Абы жэуап иритыну хунэмысу, и тэмакъыр зыгуэрым щиубыдыкIри, бэуапIэ къримыту етIысэхащ ФатIимэт.

«Аращ, ара дыдэщ, си гурыщхъуэр пэжу къыщIэкIащ», - жиIащ игукIэ ФатIимэт. - Сыт мыгъуэр си Iэмал, дауэ сыпсэуну адэкIэ? - егупсысырт ФатIимэт унэм къэкIуэжу гъуэгу здытетым. - СыкъызэригъапцIэм ищIыIужкIэ ныкъуэдыкъуэщ зи гъусэр. Сыт хуэдэу мыдахэми ныкъуэдыкъуэкъэ! Хьэуэ, хьэуэ, пэжкъым абыхэм жаIэр»,- хуейкъым зыри и фIэщ ищIыну ФатIимэт.

НэпскIэ и губампIэр игъэтIысрэ, сэлам къезыххэм жэуап яримытыжу псынщIэу унэм къэкIуэжащ бзылъхугъэр.

Сыт хуэдэу къемыхьэлъэкIами, и лIым зыри жриIакъым, пэплъэрт езым зыкъыщиумысыжынум. Зыкъиумысыжми, гум хуэшэчыну пIэрэ зэгуэмыуду?

Мухьэмэдин, япэм хуэдэу, зыри жиIэртэкъым, нэщхъей зэпытт, зы гупсысэ гуэрым иIыгът, кIуапIэ къримыту.

Фыгъуэр, гуауэр, губгъэныр, зэхэзехуэр - псори зэтрихьэри, къыщитхъащ цIыхубзыр:

- Пщыхьэщхьэ къэскIэ удэкIыу къэбджэдыхь нэхърэ, тIэкIу укъыздэIэпыкъуамэ е сабийм удэджэгуамэ нэхъыфIт.

Мухьэмэдин псалъэншэу и щхьэгъусэм еплъа фIэкIа, зыри жиIакъым.

Абы зыри зэрыжимыIэм ФатIимэт нэхъри къигъэгубжьащ, куэди ирипэсащ, ауэ зыгъэгузавэ Iуэху нэхъыщхьэр къригъэщIакъым, ириудэкIакъым.

А пщыхьэщхьэ дыдэм Мухьэмэдин аргуэру зыщIыпIэ кIуэну дэкIащ. ФатIимэт, зэрихабзэу, и гуауэм щIыгъуу унэ нэщIым къыщIэнащ. Абы сабийр игъэжейри, и бампIэр зыщхьэщигъэуну, мыжыжьэу щыIэ жэщ тыкуэным щэхуакIуэ кIуащ. Къигъэзэжауэ къыщыкIуэжым гу лъитащ я фэтэр щIыхьэжыпIэм деж къыщыувыIа машинэм. Абы щIыIэщIыIэу зыгуэр и гум къэкIри, зэщIэувыIыкIащ. Мухьэмэдин абы къикIщ, машинэм и бжэр Iуихри, хуэсакъыпэу цIыхубз щIалэ гуэр къришащ, и Iэблэр иIыгъыу щIыхьэпIэмкIэ ягъэзащ. ФатIимэт и пIэм ижыхьауэ ахэр здэкIуэр зригъэлъагъуу зэманкIэ якIэлъыплъри, зэуэ зричащ. «Сыт хуэдэпцIу пIэрэ иджы абы къигупсысынур?», - зэрегъэзахуэ ФатIимэт, щIихьауэ здэкIуэм. Ахэр фэтэрым щIыхьа къудейт, ФатIимэт и нэм лъы къытелъэдарэ, аслъэн губжьам хуэдэу, абыхэм щакIэлъысам. Абы и пщIыхьэпIэ къыхэхуакъым Мухьэмэдин пыгуфIыкIыу къыжриIэну: «ЗэгъэцIыху, ФатIимэт, мыр СэлисэтщI!»

- Уэ укIытэ лъэпкъ уэзримыIэжыр сэ куэд щIауэ сщIэрт, къызжаIауэ. УзищIысри бжесIэнт, мы цIыхубзыр щымытамэ, - кIийрт ФатIимэт. - УщыкIакъэ? Уи щIасэр сыбгъэцIыхуну си унэ къыбошэ. Ебгъэлеяуэ къыпщыхъуркъэ?

- Си щIасэкъым, - пищащ Мухьэмэдин и псалъэм, къыпыгуфIыкIыу, - атIэ си шыпхъущ! Къыздалъхуащ. Къысхуэгъэгъу, нэхъ пасэу зэрыбжезмыIам щхьэкIэ.

- Сэращ абыкIэ къуаншэр, - псалъэмакъым къыхыхьащ цIыхубз мыцIыхур. - Сэ фэ зэран сыфхуэхъуну сыхуеякъым, куэдрэ сеплъэIуащ си деж нэмыкIуэну. Хуэшэчакъым. Ар сэ къызгуроIуэ фIы дыдэу. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, сщIэрт си дэлъхум гу щабэ зэриIэр, си абы сыкъызэримыгъэнэнур.

ПщIыхьэпIэ гуэрым хэту фIэкIа умыщIэну, ахэр етIысэкIащ. Иджыри зэхих псори ФатIимэт и фIэщ дыдэ хъуркъым. Зыщ абы и гум илъыр: «Апхуэдэу сыкъагъапцIэу сызыщхьэщагъэкIыну аращ». Шхэуэ здэщысым Мухьэмэдин къиIуэтэжащ и гъащIэр къызэрекIуэкIам и хъыбарыр.

... Зэгуэрым, щIалэ цIыкIуу, зэхихащ, сабийр зэрыхыфIидзам щхьэкIэ гуэныхьышхуэ къызэрихьар анэшхуэм и пхъум жриIэу. Сыт хуэдэ сабийми щIалэ цIыкIум къыгурыIуакъым. Егупсысри, зи гугъу ящIыр езырауэ игъэуващ: пэж дыдэу, анэр мащIэ дыдэт и къуэм зэрыкIэлъыплъыр. Зэман дэкIри а псалъэмакъыр щыгъупщэжащ. Ауэ ар и гум къэкIыжын хуей хъуащ Мухьэмэдин сымаджэщым щыщIэхуа лъэхъэнэм. Абы щыгъуэ Мухьэмэдин къыбгъэдэтIысхьащ зи ныбжь хэкIуэта фызыжьыр. И гупсысэр зыщхьэщигъэкIын папщIэ, абы Мухьэмэдин къыхуиIуэтэжащ илъэс щэщI и пэкIэ зы цIыхубз гуэрым сабиитI къилъхуауэ зэрыщытар.

- ЩIалэ цIыкIур узыншэт, хъыджэбз цIыкIур ныкъуэдыкъуэу - и зы лъакъуэр адрейм нэхърэ нэхъ кIэщIу - къыщIэкIащ. Дохутырхэр сыт хуэдизрэ абы емылъэIуами, хамыгъэзыхьами, хъыджэбзыр сымаджэщым щIихыжын идакъым. Сэ абы и унэцIэр иджыри къэс си гум ихужыркъым. Хьэмызэтхэ.

Абдеж Мухьэмэдин занщIэу щIэупщIащ ар къыщыхъуа лъэхъэнэмкIэ икIи езым и махуэ дыдэм, бадзэуэгъуэм и 22-м, техуащ.

Ар къызэрекIуэкIар къэпщIэну гугъуу къыщIэкIакъым, сыту жыпIэмэ, хъыджэбз цIыкIур зыми япIыну къащтакъым...

Мухьэмэдин и шыпхъуми къиIуэтэжащ и гъащIэм и къекIуэкIыкIам и хъыбарыр. ЖиIэжащ ещанэу экзамен ита нэужь, институтым зэрыщIэтIысхьар, гугъу ехьми, лэжьапIэ зэрыувар.

- Мис иджы си хъуэпсапIэр къызэхъулIащ, - жиIащ Сэлисэт, - икIи и нэпсыр къызэщIищIащ. Ауэ пыгуфIыкIри, занщIэу игъэпщкIужащ. Абдеж ФатIимэт гу лъитащ Сэлисэт и дэлъхум къыпачауэ зэрещхьым. Шэч къыщIытепхьэжын щыIэтэкъым ар абы зэришыпхъум...

Куэд дэмыкIыу Сэлисэт Мухьэмэдин и ныбжьэгъу щIалэм ишащ.

●Ныбжьэгъуэм я псалъэ

Гуащіафіэ

*Щыіэщ цыху зи шыфэлІыфэрп, зи хьэл-щэнри, зи Іуэхущафэрп, зи дуней тетыкІэри игъащІэ псокІэ зымыхъужк. Быдэу а гъуэгу зытеувам тет, мурад зыхуигъэувыжам махуэ кьэскІэ нэхъ пэгъунэгъу эрыхуэхь ху зыхэщІэу, абы кьадэущІэ кьыхилхьэрэ нэхьри тегушхуауэ нуэбр зыхуищІам хуэкІуэ. Апхуэдизкэр зэ пльэгъуамэ, эзи пщымыгъупщэжьну гум кьонэ. Абыхэм я гуащІэри щІэныгъэу эрагъэгъуэтари адыгагъэм хуагъэпсым кьыщымынэу, ныбжьэгъуэ цІыхугъуэри яІэр а кьалэн дах эм кьыхуагъэ ушыну, хуагъэлэжьэну яужь итщ, абы нэхъри нэхъ насып ин щыІэнкІи, кьайхьупІэнкІи зем емыгупсысыхэу.**

АПХУЭДЭ цыху телыджэт щІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъу, куэдым пщІэ зыхуащІу, фІыуэ ялъагъуу щыта КІуращын БетІал. Ар журналист Іэ ззэт, публицист, щІэныгъэлІ-къэжтакІуэт. Дэнэ щымыІэми, сыт имытхми БетІал зыхуэлажьэри зыхуэпсэури и лъэпкыпат. Ар щыгъуаззт адыгэхэр дуней псом зэрыщикъухьами, иригушхуэрт абыхэм кьаХэжэпхьыкІа дэтхэнэми. И лъэпкъым хуиІэ лъагъуныгъэ мыкІуэщІым КІуращыным и цІэр жыжьэ нигъэзат. Ар фІыуэ кьущащІыхурт Адыгеймк, Къэрэшей-Шэрджэсми, Абхъазэми, Шапсыгъми, адыгэ щыпсэу хамэ кьэралхэми. Адыгэ хабзэм, адыгагъэм, адыгэ щІэныгъэлІхэм, ТхакІуэхэм, сурэтыщІхэм, уэрэджьІакІуэхэм, кьэфакІуэхэм ятеухуа и тхыгъэхэмрэ тхылъхэмрэ щыпІэ куэдым щызэІэпахырт, сыту жыпІэмэ БетІал и дэтхэнэ jкъыгъэми адыгэпсэ ягъэпсэ хэпьт, лъэпкъ тхыдэрэ ІуэхущІафэрэ кьыщыбгъэтынут. Ар адыгэм ехьэлІауэ щІэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, зи лъэпкъым кьыІэпичА гъуэгуанэхэмрэ лъэхъэнэхэмрэ егъэлёнуэ фІыуэ хэзыщыкІ, лъэпкъым и кьэкІуэнум сыт щыгъуи егупсыс, абы иригузавэ цІыху щэджащэт.

БетІал зыхищІыкІыу щыта псом университети институти ущыхурагъэджэнкІэ Іэмал иІэтэкъым. Абы фІыуэ пщІэрт адыгэ уиІэцІэхр кьыздикІар, кьыззэрыхьуар, кьуажэхэм я тхыдэр, адыгэ инагъуэхэм ярылу, кьагъэсэбэпу щыта унэльащІэ, зьэпшыпщымыцІэжхэм я цІэхэр, я мыхьэнэр, пщыхэр, уэрэкъхэр, лакъуэлІэшхэр зэрыпсэуар, я зэхэтыкІу щытар, нэхъыжьхэмрэ н э х ъ ы щ І э х э м р э , Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яку дэлъа пщІэр.

Тхылъ зыщІэлъ тыкуэн ар зэрыпхублэкІын щыІэтэкъым. Библиотекэ хэзыин дыдэхэми щымыІуэхтын тхылъ куэд зэхуихьсат БетІал лъэпкъым, абы и тхыдэм теухуауэ. Ди лъэпкъэгъу щэджащэхэм я зэфІэкІым сыт щыгъуи КІуращынрыр ирипагэрт, ахэр нэхъыбэм кьаригъэцІыхуухкІэ, нэхъ насыпыфІэ хъуауэ езыми зилытэжырт.

КІуращынгу гумызагъэт, зыгуэр ищІэну яужь ихьамэ, абы нэхърэ нэхъыфІу ар зыми зэфІемыцІэкІыфыну зэрилэжьым ещхьт и Іэдакъэщ1кІ лэжьыгъэхэри. Щэч кьызытепхьэн гуэри щІэныгъэлІым и кьалэмыпІэ зэзэмыцІэкІыфым езыр фІы дыдэу, гъэхуауэ зэрытх эм кьыхэкІІэ.

Цыхум дигъуэр жиІэфырт БетІал. Ззэхуэсыхуэхэми пэкІуэхэми пэкыр щыпхигъэкІыну яужь ит ззэпытт. Тхылъхэм реценз щахуитхкІи, спектаклхэм щытепсэлъыхьки, сурэтыщІхэм я лэжьыгъэхэр утыку кьыщирилъхьэкІи апхуэдэт - и гур зэІухат, кьызэрыщымыкъуи пхужиІэнутэкъым. ФІы кьохъуІІами, фыгъуэ-ижэ хэмылъу гу кьабзэкІэ кьохъуэхьуфынут.

Кіурашынрыр узыщыгугъэ хъун цІыхут. Сыт щыгъуи захуэт икІи пэжт. Илъэс 20-м щІигъкІэ зы пэшым дыздыщІэсати, ди дзыхь ззДгъэзаш, куэдми дытгепсэлъыхьаш, куэди дыуба кьыщІэкІынщ, кьыддэхъуаи кьыдэмыхъуІІа Іэджэми я гугъу тщІащ, ауэ абыхэм ящыщ зыри пэшым кьыщІэдгъэкІакъым. Сэ сызэрыхуэпэжам хуэдэ дыдэу езыри кьыс хущытыжащ.

Адыгэ лъэпкъым кьыхэкІауэ КІуращын БетІал зыемытхьыхьа, псалъэ гуапэкІэ зыхуэмыпуса щыІэкъым. Кьытригъэззжурэ мызэ-мытІэу тепсэльыхьащ Щоджэнщыкіу Алий, КІыщокъуэ Алим сымэ я гуащІэм, щэ бжьигъэкІэрэ зэригъэдзэжІащ КІэрашэ Тембот и тхылъхэм я напэкІуэцІхэр, лъэпкъым теухуауэ абыхэм ярыт гупсысэ нэхухэм тхылъеджэ нэхьыбэ кьыхуигъэушыну и нэ кьыкІыт. Ар и нэрыгъ кьудейтэкъым, атІэ апхуэдэу фІэкІа лэжьэхэхэуи и мурадтэкъым. Іуэхур зызетеыр тхъэмадэхэм ящІэ пэтми, езыр зытетхыхьыну игу кьэмыкІа гуэр и пщэ кьралъхьакІэ, ар псалъэмакъыншІэу игъэзащІэу зэи БетІал ІумпІафІэ яхуэщІакъым. КІуращынрыр телевиденэ тхъэмадэхэм фІы дыдэуи кьалъагъуэтэкъым. Арагъэнщ, тхылъ дапщэ итхами, тхыгъэ нэхьыбэж газетхэм, журналхэм кьытригъэзами, телевиденэм и редактор нэхьыжьу илъэс 30-м щигъуКІэ фІы дыдэу лэжьами, абы щІэ лъапІэ гуэри кьыщІауамыгъэфэщар. Ауэ, дауэ мыхъуми, КІуращыным пщІэ хуамыщІу кьанэртэкъым езыр фІы дыдэу, гъэхуауэ зэрытх эм кьыхэкІІэ.

Цыхум дигъуэр жиІэфырт БетІал. Ззэхуэсыхуэхэми пэкІуэхэми пэкыр щыпхигъэкІыну яужь ит ззэпытт. Тхылъхэм реценз щахуитхкІи, спектаклхэм щытепсэлъыхьки, сурэтыщІхэм я лэжьыгъэхэр утыку кьыщирилъхьэкІи апхуэдэт - и гур зэІухат, кьызэрыщымыкъуи пхужиІэнутэкъым. ФІы кьохъуІІами, фыгъуэ-ижэ хэмылъу гу кьабзэкІэ кьохъуэхьуфынут.

КІуращынрыр узыщыгугъэ хъун цІыхут. Сыт щыгъуи захуэт икІи пэжт. Илъэс 20-м щІигъкІэ зы пэшым дыздыщІэсати, ди дзыхь ззДгъэзаш, куэдми дытгепсэлъыхьаш, куэди дыуба кьыщІэкІынщ, кьыддэхъуаи кьыдэмыхъуІІа Іэджэми я гугъу тщІащ, ауэ абыхэм ящыщ зыри пэшым кьыщІэдгъэкІакъым. Сэ сызэрыхуэпэжам хуэдэ дыдэу езыри кьыс хущытыжащ.

Адыгэ лъэпкъым кьыхэкІауэ КІуращын БетІал зыемытхьыхьа, псалъэ гуапэкІэ зыхуэмыпуса щыІэкъым. Кьытригъэззжурэ мызэ-мытІэу тепсэльыхьащ Щоджэнщыкіу Алий, КІыщокъуэ Алим сымэ я гуащІэм, щэ бжьигъэкІэрэ зэригъэдзэжІащ КІэрашэ Тембот и тхылъхэм я напэкІуэцІхэр, лъэпкъым теухуауэ абыхэм ярыт гупсысэ нэхухэм тхылъеджэ нэхьыбэ кьыхуигъэушыну и нэ кьыкІыт. Ар и нэрыгъ кьудейтэкъым, атІэ апхуэдэу фІэкІа лэжьэхэхэуи и мурадтэкъым. Іуэхур зызетеыр тхъэмадэхэм ящІэ пэтми, езыр зытетхыхьыну игу кьэмыкІа гуэр и пщэ кьралъхьакІэ, ар псалъэмакъыншІэу игъэзащІэу зэи БетІал ІумпІафІэ яхуэщІакъым. КІуращынрыр телевиденэ тхъэмадэхэм фІы дыдэуи кьалъагъуэтэкъым. Арагъэнщ, тхылъ дапщэ итхами, тхыгъэ нэхьыбэж газетхэм, журналхэм кьытригъэзами, телевиденэм и редактор нэхьыжьу илъэс 30-м щигъуКІэ фІы дыдэу лэжьами,

Зэныбжьэгъуэхэр *(нижьыкІэ къыщыщІэдзэуэ):* **КІуращын БетІал, Шэвлокъуэ Пётр, Шырыт Хьэтыз, Сокъур Мусэрбий.** *Сурэтыр 1966 гъэм трахащ.*

Лъэпкъылі КІуращын БетІал

Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэм КІуращын БетІал сыщыдэлэжьащ лІэщІыгъуэ планэм нэблагъэкІэ. Ар си дежкІэ, зэрыжаІащ, «дышъэзэрылІэ», лъэпкъылІт, щІэныгъэлІт, тхакІуэ хъарзынэт. Гу алІэ абы уепсэльыльэну гъуэгуанэ удытекъэнуи - хьэлэлІу гу пщІанэт, гу лъыгэ жан зых эльт.

МЫЗЭ-мытІэу дыздыхэтащ БетІалрэ сэрэ гуфІэгъуэ, гуауэ дауэдапщэхэм. КІуращынращ яхуэкІуэрт гуауэ кьызытепсыха и цІыхугъэхэм, ныбжьэгъуэхэм. ИгъуэУ зэхимыхами, «кІасэ хъуащ» жиІэ у кьыжьмгъанэу, и Іуэхуэхэр зэфІэзэрыльхами, цІыхугъэр, гущІэгъуэр япэ иригъэщырт.

ПщІыр сытмкІэ щхьэпІэ, ефэ-ешхэ Іэнэжрэ и щІасэт. Аущ дахь зхъщІэрэ псалъэмакъ «жьгъейхэм» - гупым хэст жиІэщхуэ щымыІэу, псэльэгъ уей-псэльэгъ уейуэ. БетІал и бзэр фІыуэ «кьэзытІатэр» адыгэ тхыдэм, щэнхабзэм, ІуэрыІуатэм, литературэм пыщІа Іуэхуэхэрт. Ахэрат езыр нэхъыбэу зыхуэпажьрэ, и гурыгъу-гурыщІэхэр зэпыщІари. Тхылъ кІупщІафІэ Іэджэ кьыщІэкІащ абы и кьалэмпІэм. Ахэр адыгэбзэ дахэкІэ гъэпсат щІэджыкІыгъуафІэт, дерсыфІэт. ТхылъыщІэ кьыззэрыдзкІыу, и лэжьэгъ ухэм кьытхуигъэуІэнут.

Ахэрат зытриухуэри телевиденэ нэтынхэри. Куэдым зэльащІысырт абы игъэхьэзыр журналхэм («Хасэм», «ХьэщІэщым», нэгъуэщІхэмк) щалъатэхэр. БетІал кьэуварт адыгагъэм, ди лъэпкъ хабзэ дахэм я я уэчыгу. Дыадигъэн хуейщ, жиІэрт абы, псалъэ кьу дейкІэ мыхъуу, ди дуней тетыкІэкІэ, кьыарукІэ, іыхьлэкІэ, хабзэкІэ, Іэщ1агъэкІэ, щІэныгъэкІэ, цІыхугъэкІэ.

Зэманкр екІуэкІыуэрэ, редактор нэхъыщхьэ кьалэнэхэр пщэрылъ кьысщащ1. БлэкІа лІэщІыгъуэм и кІэхэм (пщІей - щІыгъуэ ІэхэМ) телевиденэм и редакторхэм ящыщ дэтхэнэми мазэ кьэс игъэхьэзырыр хуейт нэтын, дакьикъэ 20-30 хьууэ, зыплІытху хуэдиз. Ар кьалэнышхуэт («сценарий» жьхуаІэр тпхыным кьыдэкІуэу, кино техыри, цІыхухэр студием кьёшэлІэнри, ахэр псалъэмакъым хуэгъэхьэзырырри зэрфІэбгъэкІыпхьэт). БетІал фІэфІтэкъым тхэным пымыщІа Іуэхуэхэм зриГъэлІэлІэну, ахэр ре жиссерэм я фарэу кьыльытэрти, «Планхэри» зыуи кьридзэрэтэкъым, «Сыт тхакІуэр баштекІу зэкІэ Лжьэн щІыхуейр?» - жьхуиІэу. Абы кьыхэкІыу псалъэмакъ «пхъашэ» гуэрхэр ди зэхуакъ кьыщІджъуэ зыбжанэрэ кьэхьу ащ. Тхъэм кьысхуигъэгъэ, седкъуэншэкІами. Аущ гъэщІэгъуэ энт мыри: ІэужьигъуафІэт. И макъыр Іэтауэ, «мафІэ бзийр» кьыпхпхыу шхыдами, мыгувэу нэфІэгу фІэ кьэхуэжьрт, зыгу зркІэ кьыхуэмыварэзыуи зыкьзыгъгъашІэрэтэкъым.

ЛІэщІыгъуэщІэр кьыщыблагъэм, куэдым зэращІэщи, ди лъэпкъ щэнхабзэм хэщІынигъэшхуэ игъэтащ. «Перестройкэм» и «жьы бзаджэр» кьыщІихури, лъэпкъ телевиденэр зэхэкьута хьуащ. Пенсэм «баштекьуэкІэ» ягъэкІуэщ зи Іэщ1агъэр фІыуэ зыльлагъу, теленэтынхэр гъэкъэщІыным Іэзэ зэхьуэ дэжьаныуфІ зыкъом. Абыхэм кьаХэкІащ «удыныр» зыхуэмыхьаХэрт.

«БетІал щІэжкъым» щыжаІэм, и лэ жьэгъуу, ныб жьэгъуу щытахэм ящыщ зыкъом Дзэлькъуэкъуажэ дыззэрыхьащ. ДыкІэлъыкІуэтащ зи иужьрей Іуэгуанэм теува адыгэлІ хьарзынэм, ди нэхъыжьыфІым. Жьэнэзи нэмэзыр зыщІэжм сакэуварэри, сэри абы Тхъэм сыхуе лъІуащ ахьрэтыфІкІэ.

БетІал нобэ кьытхэмытыжми, псэуш, дянэжкІи куэдрэ псэунущ кьызэринэжкІа тхыгъэхэр, тхылъ зэмылІэужьыгъуэхэр. Абыхэм нэхъыбэу зи Іуэху зэрахуэр дэращ - адыгэ лъэпкъырщ, адыгэ хабзэхэр, нэмыс лъагэр хьума зэрыхьун Іэмалхэрщ.

ТХЪЭМОКЪУЭ Барэсбий.

Сокъур Мусэрбий, КІуращын БетІал, ТІыхъужь Зэмахъ, Шэвлокъуэ Пётр сымэ Налшык паркым зыщагъэпсэху. *1958 гъэ.*

●Дэ кьытхуатх

Адэ лъагъуныгъэкІэ зызгъэнщІакъым

ПщІэ зыхуэсщІ «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэ.

Чернобыль щІыпІэм щыІэ АЭС-м кьулейсызыгъэ кьыззрыщыкъуэрэ илъэс 22-рэ иригъэщ ищІыгъуэ. Апхуэдизэ илъэскІэ уэзІэбэкІыжмэ, а щІыпІэм кьикІа хъыбар шынагъуэм и зэран зыльлэІэсаХэм ящыщщ ди унагъуэр, нэхъ тэмэму жьпІэмэ, си адэ Боэий Іэхьед АкъубэІэ я къуэр. Си тхыгъэ мащІэри зытеухуар аращ.

А КЪЭХЪУКЪАЩІЭхьалъэм и лъэужькъэр гъэкІуэдыжьымк лІыхьхьжьыгъэ зэрихьэу хэта си адэр Аруан куейм хьихь Псыгуэнсу къуажэм 1954 гъэм багъэуэгъуэм и 19-м кьыщІалъхуащ. Курыт школыр къиуха нэужь, ар хуеджащ фІыуэ илъагъу шофер Іэщ1агъэм. Чернобыль къулейсызыгъэр кьыщІыхуам щыгъуэ, ар Аруан «Мэкъумэштехникэ» Іуэхущ1апІэм щылажьэрт. Куэд дэмыкІыу си адэр Аруан куейм и военкоматым ираджащ и кІи и кІэжрАІащ къэхуа кьулейсызыгъэр гъэкІуэдыным хуэлэжьэну гупым я гъусэу Чернобыль кІуэн зэрыхуейр.

ЦІыпІэ бзаджэм нэса нэужь, машинэ кьратри шоферу лэжьэн щыщІидзащ. Куэдым нэсын хуей хъурт си адэр. Абы зэщІигъэхьэрт Чернобыли, Рудакови, Брагини, Мински. Апхуэдизурэ а щІыпІэм щылажьащ махуи 124-кІэ, бадзэуэгъэуэ и 25-м кьыщІэдзауэ щэкІуэгъуэм и 28 пщІондэ. А зэманым кьиримыдзу абы и Іэпкъльпкъым зэранышхуэ кьыхуэхъуэ гъуэз хыхьащ.

Си адэм куэдрэ я гугъу кьытхуищІыжьрт а щІыпІэм зыщрихьэпІа кьулейсызыгъэшхуэхэм. Абы и нэгум щІэтт унэ-пІапсэ бгынэжаехэр, зыри зыхуэмеиж Іэщ хъушхэр, унагъуэ дзяпкІэ дунейм кьыщремыхьу!

БОЭИЙ Иосиф.
Псыгуэнсу къуажэ.

ФІыщІэу сыкъилъагъурт, хуабжьу кьыхсхуэнэхъуеинштэ си адэр. Абы фІэгъэщІэгъуэнт си дэтхэнэ Іуэхури - цІыкІури инри. Езанэ классым сыщыщІэтІысхьам щыгъуэ, школым сыщыкІуэкІэ езым сихуэпэну фІэфІт. СыдигъэкІырти, сынэсыху кьыскІэлъпплъырт. СыкьыщыщхьэкІэ ныспежьэрти, гуфІэу сыкьышэжьрт, школым зэманыр зэрыщызгъэкІуам щІэупщІэу...

Гу кьыщцихуакъым си адэ тхьэмыщкІэм, сэри срикъуакъым адэ гулытэтэкІэ, лъагъунытэкІэ. Си ныбжьыр илъэси 7-м нэмысауэ 2000 гъэм и гъэмахуэм ар дунейм ехьжащ... Чернобыль щІыпІэм кьыщыхъуауэ щыта кьулейсызыгъэм кьыхиха фэбжьхэм яхащ си адэр. Абы гъащІэмкІэ, быныкмкІэ иІа гуращэхэр щІэну кьыхуигъэнащ си анэм.

СроГушхуэ апхуэдэ адэ сызэрилам. Нобэ а фІыгъуэр сиІэжкъым, ауэ абы и фэепІь нэхур си гум сыт щыгъуи иІыщ. Абы и гъащІэр щІитащ Хэкум кьалэн пэж хуэщІэнымк. Апхуэдэ лІыхъжьыгъэм папщІэ УФ-м и Президентым и унафэкІэ, 1998 гъэм абы кьыхуагъэфэщауэ щытащ къэрал дамыгъэ лъапІэ.

Си тхыгъэм и кІэухуэу псалъэ гуапэкІэ захуэзгъэззэну сыхуейт Чернобыль кьулейсызыгъэм и лъэужькъэр гъэкІуэдыным псэемыблэжу хэпэжьхуэ псоми. Фыуэрыншэу, фи унагъуэхэм фахэсу, фи щІэблэм я насыпфІагъуу куэдрэ Тхьэм фигъэпсэу.

Апхуэдэ гуэзвэгъуэ дяпэкІэ дунейм кьыщремыхьу!

ЛЪОСТЭН Муэ.

●Тхылъыщ1э

Зауэмрэ тхыдэмрэ

«Абхазия: события 1992-1993 годов в газете «Северный Кавказ» зыфІаща тхылъ къыщыдэкІащ

Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапІэм.

ТХЪЭМАХУЭМ зэ кьыдэкІ «Северный Кавказ» газетым, лэжьыгъэшхуэ иригъэкІуэкІащ куржы-абхъазэ зауэр кьыщІэхъуэ щхьэусыгъуэмрэ ар зэрекІуэкІа щыкІэмрэ нАуэ кьэщыным теухуауэ. «Дэтхэнэ зы зауэ гуащІэми щызэпіоув льэныкъуитІ, тІуми езым я пэж яІэжу. Абы и Іыхьэ кІуэдыр гъэпщкІуауи кьонэ. Нэрылъагъур зыщ - лажьэ зимыІэ щІыхубэр зэррызекІуэдэрщ. Зауэм и Іуэжьым урипльэу ар тэмэму зэбгъэзэхуэнымкІэ мыхьэнэ ин иІэщ абы и зы теплъэгъуэми. «Аращ «Северный Кавказ» газетым куржы-абхъаз зауэм теухуауэ бэм я пащхьэ ирилъхьа тхыгъэхэм я мыхьэнэр щІэныр», - жаІэ тхылъыр зыгъэхьэзырахэм. Мыбыхэм журналистхэм я лэжьыгъэхэр зэхуахьэсыжри, зы тхылъ кьыдагъэкІащ. Тиражыр 1000 мохъу. Зауэ зэманым траха сурэтхэм елэжьажащ тхылъ тедзапІэм и сурэтыщ Щоджэн Жаннэ. «Северный Кавказ» газетымрэ Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапІэмрэ иДжьпІэсту йолажьэ «Северный Кавказ» газетым и «Тхылъ хьумапІэ» зыфІаща проектым. А тхылъхэм итынущ Кавказ ИщхьэрэмИ щыналъэ щхьэхуэхэхэм щекІуэкІа Іуэхугъуэ дяпэкІэ Іуэхущ1ахэр.

ЛЪОСТЭН Муэ.

Мамбэтым и гупыр

●Узыншагъэм и лэжьакІуэхэр

«Хэт и унэ сыщІэмыхьэми, сымаджэм сыткІи сабэп сыззрыхуэхъун Іуэху злэжьынущ». Гиппократ и тхъэрыІуэм щыщ мы псалъэхэр зи щхьэм пщІэ хуэзыщІыкІыр дэтхэнэ зы медицинэ лэжьакІуэми кьыдэгъэгурыкІуэу щытын хуейщ.

СЫМАДЖЭМ и деж ялэу нэс «ДэІэпыкъуэгъу псынщІэм» и лэжьакІуэхэри аущхуэдизуэ я Іэнатіэм зэрыгъэрыкІ. Абыхэм ялъэкІ къаГанэрэкъым сымаджэм и чэзум дэІэпыкъунымкІэ.

Зэи хэмыдажэу 2005 гъэм къэралым и унафэщІхэм узыншагъэр хъумэным трагъэкІуэдэну мылькІуэшхуэ къаутІыпщащ, фІы кьэди а Іуэхум хаПхьащ. Абыхэм ящыщ «Узыншагъэ» лъэпкъ проектыр. Абы и фІыгъэкІэ Бахъсэн кьалэм и «ДэІэпыкъуэгъу псынщІэм» машинитІ кьыІэрыхьащ, ІэмэпсымэхэмкІэ кьызэгъэпэщащэ.

«ДэІэпыкъуэгъу псынщІэ» станцым нобэ щыкІуэм 140-рэ щыкІуэ. Абы щыщу дохутырхэр 19, фельдшерхэр 32-рэ мэхъури, дэтхэнэри и Іэнатіэм хьэлэлу пэрытщ.

«ДэІэпыкъуэгъу псынщІэм» и лэжьакІуэ гупыщхуэм илъэс куэд щІауэ и унафэщІ Мамбэт Хэзсэн. Ар ящыщщ и Іэщ1агъэм кьыхуагъэщІащ зыхуэжаІэхэм. Илъэс куэд щІауэ медицинэм щиІэ ехьэлІэныгъэхэм кьыпэкІуащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и дохутыр», «Узыншагъэр хьумэныкІэ Урысей Федерацэм и отличник» щІэ лъапІэхэр.

БЕКЪАЛДЫ Илэ .

●Дзюдо

Тэрхъан Мурат и дыщэ медалыр

УФ-м и Дзэ кьаруухэм Самарэ кьалэм дзюдомкІэ щрагъэкІуэкІа зэпеуэм текІуэныгъэ кьыщихьащ Тэр хъан Мурат (кг 73-рэ зи хьэлъагъхэм я деж). Илъэс 18 зи ныбжь щалэр «Ладиат ор» клубым и гъэтэнщ, МВД-м и академиеу Краснодар дзэтым и кьудамэу КЪБР-м щыІэм щоджэ.

ТСКЪУТЭМЫЩЦІанэ.

Ауыщдзэр къуажэм щекІуэкІащ Шэрдж куейр зэрыгушхуэ егъэджакІуэ, къуэзэджэ Къэрэшей Петр и фэепІь шахмат зэхъэзэуэ.

МЫПХУЭДЭ зэпеуэр илъэс зыбжанэ хьауэ Петр и кьуэхуэ Арсенрэ Альбертрэ, и къуэрылъхуэху БетІалрэ Инералрэ я іэпІэ тету йокІуэкІ. Совет Союзым и ЛІыхъужь Къардэн Къэбард и цІэр зэрилъхьэ Шэрдж зэрыщІэрыгъэ ныбжь 140-рэ щыкІуэ. Абы щыщу дохутырхэр 19, фельдшерхэр 32-рэ мэхъури, дэтхэнэри и Іэнатіэм хьэлэлу пэрытщ.

«ДэІэпыкъуэгъу псынщІэм» и лэжьакІуэ гупыщхуэм илъэс куэд щІауэ и унафэщІ Мамбэт Хэзсэн. Ар ящыщщ и Іэщ1агъэм кьыхуагъэщІащ зыхуэжаІэхэм. Илъэс куэд щІауэ медицинэм щиІэ ехьэлІэныгъэхэм кьыпэкІуащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и дохутыр», «Узыншагъэр хьумэныкІэ Урысей Федерацэм и отличник» щІэ лъапІэхэр.

БЕКЪАЛДЫ Илэ .

●Шахмат

Къер Батыр токІуэ

Мы турнирым хэту ирагъэкІуэкІащ Шэрдж куейм шахматымкІэ и чемпионати. Абы щытекІуащ Хьуэт Арсен. ЕтІуанэ ущыпІэр кьихьащ Эфендиев Ахьмэт, ещанэр Къущхьэ Петр и къуэрылъхуэ БетІал кьыхуагъэфэщащ. Сэутъэт щхьэхуэ иратащ КЪБР-м и шахматист нэхъыжь дыдэ, Дзэлыкъуэ куейм щыщ Щоджэн Надир. Зэхьэзэхуэм хэтахэм я пащхьэ кьыщыпсэльа Шэрдж куейм администрацэм и Іэтащхьэ Темиржанов Махьтэ фІыщІэ яхуищІащ Шэрдж район псор зэрыгушхуэ, щІэблэр гъэсэным илъэс куэдкІэ зэ гуащІэ хэзыльхьа егъэджакІуэм и фэепІь зэІущІэм хэтахэм.

ДЫГЪУЖЬКОКЪУЭ Андемыр.

●Гъэсэныгъэ

Таурыхъым фыкъыхьыхьэ!

Акъбащ Ищхьэрэ къуажэ библиотекэм щекІуэкІащ «Таурыхъ дахэм фыкъыхьдошэ» зыфІаща пшыхь. ЗэІущІэм кърихьэлІат къуажэ гъунэгъуэхэм я щколхэм, сабий садхэм щылажьхээрэр.

А МАХЪЭМ «Налмэс» сабий садым и гъэсэн щыкІуэхэм ягъэлъэгъуащ Толстой Алексей и «Золотой ключик и приключения Буратино» таурыхъым кьытращІыкІа теплъэгъуэхэр.

УрысыбзэмкІэ езыгъаджэ Унэж Ритэ кьыззригъэпэщ «Театрымрэ дзрэ» драмкружкым игъэльэгъуэ теплъэгъуэхэри зэІущІэм кьрихьэлІахэм ягу ирихьащ.

КъызэгъэпэщащкІуэхэм зэрыжаІэмкІэ, мыпхуэдэ гъэльэгъуэныгъэхэм мыхьхэзэІущІэ яІэщ сабийм и кьэухьым зегъэужьыныкІэ. Ар сабийхэр зэрыраГъаджэм щІэщІыгъуэ зэрыхахьхьэ Іэмалщ.

КІЭБЫШЭ Іилэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкІэмыхьэ Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаеэ Маритэ, Лъостэн Муэ, Ныбжьэ Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжыкъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**

ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и щхьІэ щыІэ уэрам, 5, еБгъуанэ - епщІанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядолажьэнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъэмкІэ ахэр зытехэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтеуэ щыткІым.

Газетыр Іэ тезыдзэхэм ящыныр и пщІэ дэлъу КЪБР-м федеральнэ пошт зэрыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щыпмкІэ жэуап ех КЪБР-м и "Роспечать" АО-м.

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н.0065-м щІэхъу яТхуащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

КЪБР-м ЩІэхабзэмрэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и министерствэм 1905 гъэм щыІа Революцэм и щІэр зезыхьэ и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и щхьІэ щыІэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДышъкІ Соня,** редактору **Истепан Залим,** корректорэшхэ **Щоджэн Ининэ** *(2,4-нэ пп.),* **ПхытІыкІ Юрэ** *(1,3-нэ пп.),* корректорэшхэ и дЭІэпыкъуэгъу **Иуан Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ:* **ГъукІэлІ Рае, Щомахуэ Марианнэ, Дол Маринэ,** *сурэтыщІ* **Бицу Жаннэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щыгтыдзэн сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 10.008 ● Заказ №1723